N 2 1952/2

Чыңғыс Айтматов



# Жәмийла

ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТ БАСПАСЫ
НӨКИС - 1962

Ч. АЙТМАТОВ

# ЖӘМИЙЛА

*Повесть*

№ 2783/2

1962 ГБ УзССР Т-58152

№ 1952/2

ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТ БАСПАСЫ
НӨКИС—1962

Ҳәрдайым мен бир жаққа сапарға шығарда усы әпиўайы ағаш рамкаға салынған шағынырақ сүўреттиң алдына келип тураман. Мине, ертең де аўылға жүрмекшимен. Сүўреттен қандайда бир сәтли сапар тилегендей, көпке шекем көз алмайман.

Усы ўақытқа шекем мен бул сүўретти ҳеш бир көргизбеге де бергеним жоқ. Керек десе аўылдан келген туўысқанларымның көзинен де тасалап жасырып қояман. Кеўлиңиз басқа жаққа кетип жүрмесин, «көз тийер» деп қорқатуғындай бул сүўрет айтарлықтай болмаған менен оншама сықылсыз да емес. Оған сыйынғандай, айрықша салынған дөренди де емес. Оның бетине түсирилген жер келбети қандай қарапайым болса сүўрет те сондай әпиўайы.

Сүўреттен гүзги сурғылт аспанның бир шети ғана көринеди. Самал буўдақ-буўдақ бултты алыста мунарланып көринген зәўлим таў төбелериниң үсти менен айдап баратыр. Оннан берилеўдеги көринисте сарғыш дөнип атырған кең дала менен шалқар дәрья көринеди. Еки жағы ғаз қатара дизилискен қамыслар, жаўыннан кейин бети тобарсыған қара

жолда қатар жүрген еки жолаўшының ийреңлеген излери шубатылып жатыр. Жолаўшылар жақынлаған сайын олардың излери жерге анығырақ түсип, излери енди бир-еки адым атса, рамканың сыртына атлап шығып кетип қалатуғындай сезиледи. Айтпашақ, жолаўшының биреўи... Бирақ мен асықпайман. Сөз басынан баслайын.

Буның өзи кешеги балалық ўақытларында болған ўақыя еди. Ўатандарлық урыстың үшинши жылға қарай аяқ басып, Курск, Орел қапталындағы үлкен урыстың жүрип атырған гези еди. Ол ўақытта биз жаңа жетилип киятырған жас балалар колхозда арба айдап, егин суўғарып, шөп шаўып, урыс майданында гүресип атырған әкелеримиз бенен ағаларымыздың аўыр жүги мойынымызға жүкленген еди.

Әсиресе, орақтың ўақты келгенде ҳәпте бойына үйди көрмей күни-түни қырманның басында, болмаса дән қабыллайтуғын станцияда ямаса жолда жүретуғын едик.

Мине, солай етип саратанның қақсаған ыссысында, даладағы бийдай орақтың қызғын күнлериниң биринде, станцияға қатнап жүрип, көптен берли үйди көрмей, барып кетейин деп салт арбамды жолдан аўылға қарай бурдым.

Биз әўел бастан еки үй бирге турамыз. Бийиклиги үш гез, дийўалы мықлап салынған, өткел тәрептеги төбешикте турған баў бақшалы қоралары бар үй бизики. Мен үлкен үйдиң баласыман. Ағаларым урыста — көптен берли хабар жоқ, екеўи де үйленбеген. Қартайған әкем ағаш устасы. Колхоздың ҳәзирги жүрип

турған арбаларының барлығы да сол кисиниң қолынан шыққан. Ол ҳәр күн сайын таң намазын оқып, устаханасына кетеди, күн бата үйге келеди.

Үйде апам менен қарындасым ғана қалады.

Кишкене үйде бизиң туўысқанларымыз турады. Жақын дегеним арамыз еки-үш ата болса да, олар менен әзел бастан малымыз да, жанымыз да бир. Арғы аталарымыз бирге көшип, бирге қоныс басып жүдә татыў өмир сүрген, солардың дәстүри менен бизде арамызды алыслатпай, бир биримизден, қол үзген емеспиз. Колхоз уйымластырылғанда әкелеримиз қора-қопсыларды бир жерден салған. Тек бизлер ғана емес, еки суўдың арасындағы Арал көшесиниң отырықлы адамлары да бир атаның балалары. Келе-келе кишкене үйдиң ийеси көз жумып, артында ҳаялы менен еки жас баласы қалады. Ескиден қалған дәстүр бойынша ағайин-туўғанлары жесирдиң басын байлап қояйық деп, оны жақын туўысқан болып есапланған мениң әкеме некелестирген. Ол үй өз алдына шаңарақ саналып, малы, ҳәўлиси бөлек болғаны менен шынында бир хожалық болып есапланатуғын едик. Ол үйдиң де еки баласы әскерликке кетти. Үлкени —Садық үйлениўден-ақ кетти. Олардан «урыстамыз» деген хат анда-санда келип турады. Кишкене үйде кишкене апам менен оның келини ғана қалды. Ол екеўи де азаннан кешке дейин колхозда. Кишкене апамды аўылдағылар талапкер, бир тынбайды деп атайтуғын еди. Оның дүньяда теңлеси жоқ — қарапайым, қызық адам. Бригадир менен ҳеш бир жақ жарыстырып, қарсыласпай жумсаған жағына

барып, жас ҳаяллар менен бирге жап-салма да қазады, егин де суўғарады, әйтеўир қолынан кетпени түспейди. Келини Жәмийланы да қудай өзине минәсип етип билип бергендей. ол да жумысқа ғайратлы, мықлы келиншек. Бирақ, минези енесинен сәл басқашарақ.

Жәмийла жеңгемди мен ықласым менен жақсы көретуғын едим. Бир жағы жеңгем болса, екинши жағынан қарағанда ол меннен азырақ үлкенлиги болмаса қурдасым сыяқлы еди. Ол да мени кишкене бала деп инисиндей еркелетеди.

Сөйтип еки үйдиң барлық машқаласы апам менен қарындасымның мойнында. Қарындасым ол ўақлары тулымшағы салбырап ойнап жүрген кишкене қыз еди. Сол ўақлары, садағасы кетейинниң апама жәрдемлескенин, минезиниң жатықлығын мен өмир бойы умытпаспан. Еки үйдиң қозы-ылағын баққан да, тезек терип отын әкелетуғын да, балаларынан хабар-атар жоқ, апамның қайғы-муңын жеңиллететуғын да сол еди. Еки үйимиздиң аўыз биршилигин де, берекетин де сақлап, кәтқудасы болып атанып кеткен, жасында үлкен аталарымыздың тәрбиясының шет-жебирин көрип қалған апам олардың әрўағын сыйлап, сеники-меники деместен еки үйге әдил басшылық еткенликтен, аўылдағы бурынғы қанлыкөйлек болып өскен бәйбишелердиң бири болып аталатуғын еди. Бизге тийисли қандай да бир ис болмасын, бәрин де апам шешеди Әкемди үйдиң ийеси екен деп ҳешким де елеген емес. «Әй, сен устаға бармай-ақ қой онын өз әсбапларынан басқа ҳеш нәрсе менен де иси жоқ. Олардың еки үйин теңдей бийлеген

—бәйбишеси бар, соған барың», — дейтуғын еди ауылласлары.

Дурысын айтқанда менде жаслығыма қарамастан анаў-мынаў жумысларға кирисип кететуғын едим. Өйткени, үлкен әжағаларым әскерге кетип, еки үйдиң бел байлар жигити деп еркелеткенине мен әлле қандай болып, өзимди ересек сезетуғын едим. Бул апама унайтуғын еди. Себеби, ол мени пысық болсын, тирише болып өссин, әкесине усап ағаш шапқаннан басқаны билмей жүрмесин, турмыстың ашшы-душшысына көнсин, деп ойлайтуғын еди.

Мен арбаны шарбақтың көлеңкесине туўарғанымда, қораның ишинде бизиң бригадир Оразмет, балдағын қанжығасына байлап алып, апам менен қандайда бир нәрсеге кегирдеклесип айтысып атыр екен. Жақынлап келгенимде апамның даўысы анық еситилди;

— Сизлердиң ондайларыңа бармайды, ол! Қудайдан қорықсаңызлар ғой! Нашар адам қашан арба айдап еди. Қой, айнанайын, келинимди арбаңа жолата гөрме. Онысыз да жалғызлықтың азабын шегип, еки үйдиң шарўасынан басымды көтерип ала алмай жүрмен. Қала берсе белиме шаншыў тийип, бир ҳәптеден берли майрылып анаў жүўерилердиң де түбин домбықлай алмай атырман! — деп, сала қулаш етип орағын жаўлығының салбыраған ушын апам әдетинше қайта-қайта омыраўлығына қыстыра берди.

Ал, Оразмет болса арқасы қурысқандай шалқая берип;

—Сизлер түсинесизлер ме, баяғыдай мениң төрт мүшем саў болып, қолымнан ис келсе,

өзим-ақ қапларды арбаға ылақтырып жиберип, заўлатып айдап жүре бермеймен бе? Илаж жоқ. Жас келиншеклерге арба айдатайық деп атырғанда, мынаў сиз келисим берген келинниң жолын тосып,бетин қақпалайсыз. Бүйтетуғын болсаңыз план орынланбайды. Урыстағы солдатларға жиберетуғын дәнди тоқтатып атырсызлар деп, мына жақтан үлкенлер столды урса, ал сизлер қара басларыңның ғамын ойлайсызлар. Жағдайды түсинсеңизлер болмай ма!

Ҳа анадай жерде қамшыны сүйретип киятырған мени көрген бригадир, әлле қандай бир ой тапқандай қуўанып кетти.

— Егер келиниңизге тентек арбакешлер анаў-мынаў айтып жүрер деп қәўипсинсеңиз, қасында мынаў қәйниси бар ғой, солай емес пе? — деди ол мени көрсетип. — Бул инишек жеңгесине биреўди жақын жуўытпақ түўе, көзиниң қыйығын да салдырмайды. Оның ушын қәтиржам болыңыз. Сейит ҳәзир азамат болды. Бизиң жанымызды сақлап турған да усы балалар, садағасы кетейинлер...

—Әй, теңтиреген гезендем... Шашың өсип, азып кетипсең ғой, сен. Анаў әкеси қурғырдың баланың шашын алып бериўге де қолы тиймейди. Әке емиш...

— Олай болса, бүгин шашын алдырып кемпир-ғаррының қойнында жатып кетсин,— деп Оразмет апамды қурғақ қуўатлап қойды, — Сейит иним, бүгин үйиңде қонып, атларыңа қара, демин алсын. Ал, ертең Жәмийлаға арба беремиз. Жеңгеңди топарыңа қосып ал, өзиң бас бол. Бәйбише қорықпай-ақ қойыңыз, Сейит турғанда оның үстине, анаў жаңадан

табылған Дәниярды қосып берейин; өзиңиз билесиз ғой оның адамға зыяны жоқ, бийшара... Үш арба өз алдына бир бригада болып, станцияға қатнай берсин. Басқаларды булардың жанына қоспай-ақ қояйын. Ал, Сейит, сен не дейсең, буған? Апаң болса Жәмийлаға арба айдатайық десек көнбейди, сөзимизди өре бастырғысы келмейди, иним-аў, өзиң-ақ айта қойса.

Бир жағынан бригадир мениң мақтаўымды жеткерип, екинши жағынан ол меннен ақыл сорап атырғанға, оның үстине жеңгем жанымда арба айдап жүрсе, қандай тамаша болар еди деген қыял менен апама;

— Арбаны айдасын, не оны қасқыр жей ме? — дедим үлкен арбакешлердей шырт еткизип бир түкирип, қамшымды сүйретип, жай ғана адым таслап жөниме жүре бердим.

— Көрдиң бе буны! Қасқырды көрсетермен саған. Қой қарағым, сен нени билесең! — деди апам маған ашыўланып.

— Ҳә, неге билмейди, Еки үйдиң дырдай жигити емес пе? — деди Оразмет. Жаңа айтқанға ийип киятырғанда, қайтадан айнып кетеме деп қорыққан Оразметтиң аўзына буннан басқа сөз де түспеген еди.

— Ҳә, қудайым, усы тырнақтай нәрсемизге жүрим бере гөр... Азамат болған ортан қолдай жигитлеримиздиң қаяқта екени белгисиз. Гөне журтта қалғандай собырайып жалғыз қалдық ғой...

Буннан басқа айтқан апамның сөзин еситкеним жоқ. Тамның мүйешин қамшы менен бир тартып, тулымшағы салбыраған, кишкене қолы менен тезек жайып жүрген, маған қуўа-

ныш пенен күле шырайланып қараған қарындасыма да оншама нәзер аўдармастан, қолымды жуўып, еки қолтығыма сүрттим де, тез үйге кирип, ҳә дегенше үлкен бир кесе айранды симирип алдым. Ал, екиншисин терезениң алдына апарып, нан туўрап жедим. Есиктиң алдында апам менен Оразмет еле сөйлесип тур. Бирақ бул сапары олар жай пақыр-пухарашылық айтысып турған тәризли еди. Апам болса олпы-солпы тигилген көйлегиниң жеңи менен көзин сүртип, кеўлин аўлап атырған Оразметке басын ийзеп, булдырлаған көзин хабарсыз кеткен балалары көринетуғындай-ақ алысларға жуўыртады. Бул турғанына қарағанда, апам Жәмийланың арба айдаўына келисим берген сыяқлы. Ал, Оразмет болса, апама ырыйза болғандай жорға байталының саўырсына қамшысы менен бир тартып жиберди де, қорадан шығып кетти.

Ол ўақытлары бул истиң не менен аяқланатуғыны, апамның да, мениң де ойымда жоқ еди.

* * *

Жәмийланың қос ат жеккен арбаны айдай алатуғынына мен гүманланғаным жоқ. Себеби ол жасынан-ақ жылқыға үйренген, таўдағы Бақайыр аўылындағы жылқышының қызы еди. Ал, бизиң Садық та жылқышы болып жүрип, жайлаўдағы шарўалардың тойында қыз қуўыўда Жәмийлаға жете алмай қалғанына намысланып, оны алып қашып келгенин еситкен едим. Олай емес, екеўи бирин-бири сүйгенликтен қосылды десип те жүрди жеңгелери. Не болса да екеўи үш-төрт

ай бирге турғаннан кейин Садықты әскерликке алып кеткен. Билмеймен, бәлким жаслайынан әкеси менен бирге ой қырда жылқы айдап, атқа минип үйренгенликтен өр көкирек болып өскен бе, әлле жалғыз қыз болғанлықтан ба, әйтеўир Жәмийланың жүрис-турысында қандайда бир ғайратлылық, еркек адамға тән минези бар еди. Ҳәр бир нәрсеге де шалтлық пенен кирисип, басқа келиншеклердей басым аўырды, белим деўди билмейтуғын еди. Оннан кейин биреўге ҳақысын жибермейтуғын өжет, айтысқан адамнан қайтпай, тартысқан адам менен тартысып, айтысқан менен айтысып, ол олма тап бир еки ирет өзи қатарлы ҳаяллар менен жулысқанын да көрдим. Жақын жуўық женгейлердиң «әй, буның өзи зикеңлеген қандай келин! Есик пенен төрди көргенине бир күн болмай атырып, тили менен қуўырып баратыр ғой! — дегенлерине апам; — «Мейли, — деп оны жақлайтуғын еди. — Келинимиз усындай тик, өр... Адамның ашық болғаны жақсы. Сумлықтың бәри ишинен тынғанлардан шығады».

Әкем менен апам болса, Жәмийлаға атаанасы иретинде қағып-силикпей-ақ, жай ғана айтып түсиндирип, шын ықласлары менен еркелетип; — «Қудайым өзиңе инсап берсин, аяғын шалыс басып, кийеўиниң көзине шөп салмаса болғаны», — деп қоятуғын еди. Бағып-жағып камалға келтирген төрт азаматты әскерликке жибергенге ме, ямаса еки үйдиң ортасында қолға услап қалған жалғыз келинниң кеўилин қалдырғысы келмей ме билмеймен, мен апама таңланатуғын едим. Апам болса минези қатал, өз айтқанын орынлатпай

қоймайтуғын адам еди. Әзелден киятырған салт-сананы бузбай ҳәр жылы жаздың шығысы менен ол әкемниң өзи сүйегин ислеген алты қанат ақ отаўды қораның ишине тигип, түтин түтетип ыслайтуғын еди. Әзел бастан еки үйди бийлеп-төслеўге үйренген апам, бизиң барлығымызды да қатты услап, өз айтқанынан шығармайтуғын еди. Ал, Жәмийла келгеннен берли бизиң бәримизден де айырылып туратуғын болды. Дурыс ол енелеринен ийбенип, оларды жақсы сыйлайтуғын еди. Бирақ, ол аўылдағы басқа ҳаяллардай үнсиз, басын төмен салып ямаса терис қарап турып гүңкилдемейди, айтажақ сөзин тартынбастан айтып, кеўлиндегисин жасырмайды. Жөн болса, апам оны көбисинше мақуллайды. Бирақ, ол сонда да гәптиң тоқ етер жерин басқаға бермей өзи айтады. Мениң ойымша, апам оның минезиниң өрлигин әдиллилигин өзине жақын көрип келешекте оны еки үйдиң басын қосатуғын, от басының ырысқысын, берекетин сақлайтуғын күшли орынбасары иретинде қалдырып кетейин деп ойлаған шығар.

—Қайнаға, шүкир, тамыры берик, қурғын жердесең балам. Ол да болса сениң бахытың шығар, буны есиңде сақла. Қудайым тилегиңди көктен берип, излегениң аяғыңның астынан табылса, үйинде берекет болса, ҳаялға оннан басқа не керек. Жыйған тергенди биз, кемпир-ғарры гөримизге арқалап кетпеймиз. Қәдириңди кетирмей, сыйласығыңды сақласаң — бахыт деген сол, балам! — деп ескертетуғын еди.

Бирақ кемпирлерди сәл-пәл қыйналдыратуғын нәрсе бар еди; ол да болса, Жәмийланың

бала сыяқлы жеңилтек, ақ көкиреклиги. Гейпара ўақытлары ҳеш бир себепсиз-ақ ол енелерине келип еркелейди я болмаса шықылықлап күледи, жас қызлардай салмадан секирип өтип, қораға жуўырып киреди, гей ўақлары ыңылдап қосық айтып жүреди. Енелери болса Жәмийланың бул әдетин сөз етип, оннан кейин; — «Бала ғой, бара-бара жөнлесип кетер» деп қоятуғын еди.

Ал, ҳәммесинен бетер маған жеңгемниң усы әдети унайтуғын еди. Екеўимиз айқасып ойнаймыз, гей ўақытлары биримизди-биримиз қуўалап жүретуғын да едик.

Жәмийла суңғақ бойлы, қыпша белли еди. Еки өңирине сыймай төгилген қойыў шашын қолы менен тутамлап, ақ орамалды маңлайына қыйқашлаў етип байлап, қызыл шырайлыдан келген жүзине ақ орамал айрықша түс берип, жасарып туратуғын еди. Жәмийла күле қойса, оның қап қара мийиздей қара көзлеринде денсаўлықтың, жаслық арнасынан асып тасқан күши елес береди. Аўыл арасындағы жигитлердиң, әсиресе, урыстан қайтып келгенлердиң Жәмийлаға қызығып, бир сөз айтпай өткенлерин мен ҳеш қашан көрмедим. Қайта жеңгем олар менен ҳәзиллесе беретуғын еди. Бирақ, шеннен тысқары шығып кетиўшилерди жанына көп жақынлатпайтуғын еди. Солай болса да, мен жеңгемди қызғанып тийисип атырған «бузақыларға» қыр көрсетейин дегендей; Абайла, мен оның қәйниси боламан. Қорғайтуғын ҳешкими жоқ екен деп, көп аса қыйсаңлай берме», — деўди билдиргим келип, олардың сөзин бөлип, ойын-күлки менен күлип, ең ақырында сүзеген текедей кө-

зимди алартып, қабағымның асты менен қарайман. «Ҳаў, мына жаман қәйтеди, женге усыныкиме деймен?» —деп жигитлер күлгенде, қудай биледи, мениң бетим оттай жанып, бойымды ашыў кернеп, көзиме жас келеди. Мени түсинген жеңгем, қуўанышлы күлкисин зорға дегенде тоқтатып, маған жымыя қарап;—«Мениң қәйним менен жумысларың болмасын, жеңге деген жерде жатыр ма? Жүр кеттик», — деп оларды оннан бетер қызықтырып, мениң менен қатара киятырған, өзине ырыйза болып па ямаса ызаланып па— билмеймен, әйтеўир үнсиз ғана күлимсирейди. Болмаса оған; «Жеңгесине қарайды дегенге, усылай етесең бе, «кишкене бала?» Қызықсаңаў өзиң, егер кеўилим бузылса мың жеринен қорға, мен шымшық емеспен», — деген ой келеме оған? Ал, мен де айыплы кисидей үндемеймен. Бирақ, женгем азырақтан кейин жадырап сала береди. «Ўәй, кишкене бала қызықсаң-аў өзиң! — деп мени баўырына қысып, маңлайымнан сүйеди. Дурысын айтқанда, мен жеңгемди журттың ҳәммесинен қызғанаман, оның шырайлылығы менен өзиниң еркин, минезиниң кеңлиги мениң жүрегимди қуўанышқа бөлеп, геўдемди мақтанышқа толтыратуғын еди. Не себепли екенин билмеймен, бизлер жүдә жақын, биринен-бири сыр жасырмайтуғын қурдаслардай едик.

Ол ўақытлары аўылда еркеклер аз еди. Сонлықтан гейпара өр көкирек, қумарпаз жигитлер өзлерин «жердиң киндиги» санап, ҳаялды жерде жатқан елеспесиз нәрседей көретуғын еди. Бир күни шөп шаўып жүргенимизде, жөнсиз ыржаңлап, айтқаным зая кетпейди

дегенлердиң бири бизиң туўысқанымыз Осман тийисе бергенликтен, Жәмийла оның жеркенишли қолын силкип таслады да, көлеңкеде жатырған жеринен ушып турып;

— Кетсеңә армаған! — деди оннан сырт айланып, сизлердиң қолларыңыздан ҳәңгиликтен басқа не келмекши!

Гүдиниң қасында еки аяғын еки жаққа жиберип жанбаслап жатырған Осман силекейленген домбық ернин қыйсайтып;

— Көрдиңбе буны, аўзы етке жетпей атырып пышық сасық дейди... Мурныңызды шыйырмай-ақ қойыңыз! Қырсықлана берип не қыласан, көзиң қараўытып өлейин деп жүрсең ғой...

Жәмийла жалт қарап;

— Өлсем өлип жүрген шығарман — қудайдың басқа салғаны! Маңлайымызға жазғаны усы болса не қыламыз. Сен ақмақ, оның несине күлесең, не деп табалайсаң. Көзим қараўытпақ түўе, дүньядан тақ өтсем де, сен қусаған симилтирге түкирмеймен де. Ақмақсаң, баяғыдай тынышлық заман болса, көрер едим усындай дегеннди.

— Усылай айтаман да! Урыстың кесиринен қамшының зәҳәрине суўғарылмай қутырып жүрсең ғой. — Осман көзин сығырайтып ернин тислеп, тамсанды. — Әттең, мениң қатыным болғанда ма... Тырсыйған емшеклериңди езип, тырдай жалаңашласам, астымда жатып ағажанлар едиң...

Еринлери дирилдеген Жәмийла жаман көзи менен «усыған сөзимди қор етип, не қыламан» — дегендей пишин менен «Тфу»! деп, Осман жаққа қарай жийиркенишли бир тү-

кирип, жерде жатырған темир жабасын ийнине салды да, үндеместен тез ғана жүрип кетти. Мен олардан арамыз оншама қашық болмаған жерде арбадан от түсирип атыр. едим. Жәмийла мени көре сала, жалт берип бурылып кетти. Жеңгем усы ўақыттағы мениң қандай жағдайда екенимди билди. Сөз оған емес, маған тийгендей, мениң қаным қайнап намысым келди; «Ондайларға неге жақынлайсаң, олар менен неге сөйлесесең?» — деп ишимнен жеңгеме жаным ашып кейип турдым.

Усы күни кешке шекем Жәмийланың қабағы қарыс жабылып, бурынғы күле шырай берген күлкиси тыйылып, ҳешкимге тис жарып үндемеди. Мен арбаны гүдшектиң қасына айдап келгенде, ол мени сөйлетпеў ушын жумысқа жүдә берилип кирисип кетти. Үлкен бир пәттеге темир жабасын суғып жиберип, бетин көлегейлеўи менен пәттени жоқары көтерип, бос арбаға усти-үстине ата берди. Анадай жерге барып артыма қарағанымда, жеңгем жабасына сүйенип, сәл-пәл тереӊ ойға шүмип, қайтадан жумысқа кирисип кетти.

Кешке таман ең кейинги арбаға от тийеп атырғанымызда, уясына кириўге жақынлаған күнге қадала қарап турған Жәмийланы көзим шалып қалды. Қазақтың алыстағы боз тақыр даласында жағылған тандырдың аўзындай шарпып, жер бетине қараңғылық пердесин түсирип, аспандағы үлбиреген ақша бултларды қызыл гүлли түске бояп, кем-кемнен уясына қарай шөгип баратырған күнге Жәмийла көзин қолы менен көлегейлеп, муңая күлимсиреўи менен қарап қалыпты. Бағанадан берли


96180

қарыс жабылған қабағы ҳәзир жазылып, жүзинде қуўаныш оты ойнайды.

Буннан кейин ол мениң бағанағы айталмаған, бирақта еле де жүрегимди өртеп, ишимди жандырып турған: «ондайларға неге жақынлайсаң, олар менен неге сөйлесесең?» — деген иренишли сораўыма жуўап бергиси келгендей:

— Сен жаңағыны ойыңа алмай-ақ қой, кишкене бала, —деди Жәмийла. —Усы Османлар да адам ба? Көпек не, ол не...—деп Жәмийла гилт тоқтады ҳәм батқан күнниң көмески қызыл сәўлесине ойлы көз бенен қарап турып, өзинен-өзи гүбирленди.

— Ондайлар адам жанына қалай түсинсин. Бундай сезим жүректиң терең түбинде жатады ғой. Қудай билсин, ондай еркеклер дүньяда жоқ та шығар...

Мен арбаны өйтемен-бүйтемен дегенше Жәмийла анадай жерде ислеп атырған ҳаяллардың қасына барып қалыпты. Оларға бир қызықлы нәрсе туўралы айтып, өзи тамашасына қарап жүр. Ойында бағанағыдан дым да қалмаған, жүдә қуўанышлы. Күнниң шырайлана батқанына ма я болмаса жумысты дийдилеген жерден шығарғанына ырыйза болды ма, билмеймен, әйтеўир Жәмийланың кеўилиниң көтеринкилиги маған жүдә қуўнақ көринди. Отты келистирип тийеген арбаның үстинде отырып бир қамтым оттан қолына алып, қушағын кере жайып, шалтлық пенен алға қарай жуўырып баратырған Жәмийланы көргенимде, мениң де кеўилим көтерилип сала берди. «Ҳәй, сол Османның сөзин сөз деп!»—Ҳәйит жаныўар шүў! —деп мен де атларымды тезирек айдадым.



1962 ГБ УзССР Т-58152

* * *

Бригадир Оразметтиң руқсаты менен ол күни мен шашымды алдырып кетейин деп ағамды күтип қалдым. Ал, ағам келгенше Садық ағама хат жаздым.

Бизинше хат жазыўдың өз алдына бир салты болатуғын еди. Әскердеги ағаларымыз хатты ҳәмме ўақытта ағамның атына жиберетуғын еди. Ал, почта оны апамның қолына тапсыратуғын еди. Келген хатларды оқып бериў ҳәм жуўап жазыў мениң миннетим. Хатта не жазылатуғынын мен күннен бурын-ақ билетуғын едим. Себеби, олардың ҳәрқайсысы бир-бирине егиз қозыдай уқсас болады. Садық хат жазғанда бисмилләсин: «Аманлық хаттан» баслап, ал ҳә дегеннең «Алыстағы Таластың әтир ийисли —салқын ҳаўасында өмир сүриўши жаннан артық көриўши әкемиз Жоллыбайға»,—деп оннан кейин апамды ҳәм басқаларымызды өз гезеги менен дизбеклеп кетеди. Үй-ишиниң аманлығынан кейин ағайин-туўғанларымыздың аман түўеллигин сорап, ең кейнинде: Және де ҳаялым Жәмийла аман ба? деп Жәмийланы сөздиң арасында сорап өтетуғын еди. Ата менен ана, туўысқанлар турғанда ҳаялын алды менен сөз етип хатты оның атағына жазыўды —тек ғана Садық емес, өзин еркекпен дегенлердиң бәри де өзлерине ылайық көрмейтуғын еди. Бирақ, бизлер усындай хатқа да ырыйзамыз. Аўыл адамларының түсинигинше бунын өзи салт санаға айланып кеткен нәрсе. Хатты бир емес, еки-үш рет оқытып еситкеннен кейин апам оны қайтадан үш бүклеп кисесине салып қояды.

Ҳә-ә, дуўадай қутлы хатларыңнан айнанайынлар!—дейди көзине жас алып—ҳә дегеннен ата-ана дейди. Бизлерди қойып. өзлеринди қудай сақласа болғаны, бизлер не... үйдемиз ғой... «Мен аманман» деп бир аўыз сөз жазсаңызлар да, сол да бизге үлкен ғәнийбет...—деп ол буннан кейин де хатқа бираз телмирип қарап отырады да, оны сандықтағы хат салғыш қалтасына салып қояды. Ал, егерде усы ўақытлары Жәмийла да үйде бола ғойса ол да хатты ишинен бир ирет оқып шығады. Ҳәр ўақытта хат қолына тийиси менен оның бети гүреңленип, ҳаплығып дем алып, асығыс оқый баслайды. Ал узақ жазылған хаттың аяғына жақынлаған сайын, өңи кем-кемнен қуўарып, түнерген қаслары бир жерге жыйнала баслайды. Гейпара ўақытлары ақырына шекем оқымай, Жәмийла үндеместен хатты ўақытша қарызға алғандай, қабағын үйиўи менен енесине қайтып береди.

Хат салатуғын қалтаны сандыққа салып атырып, келининиң бозарып кеткенин байқаған апам, оны жигерлендирмекши болып·

— Аманлық хабары келгенге қуўанбай, балам, қайта шалғаяқлай береди екенсең. Ямаса әскерге кеткен жалғыз сениң күйеўиң бе? «Көп пенен көрген уллы той» деген... қудай қосқан ярын ким сағынбайды, сағынсаң да ишиңде турсын, ишинде сақла...

Жәмийла үндемейди. Қапалана қарап: «Сиз ҳешнәрсеге түсинбей айта береди екенсиз!»—дегендей болады.

Садық ағамның жазған хаты бул ирette де Саратов қаласынан келипти. Ол госпитальда жатырыпты. Қудай қәлесе гүзге салым барып

қалар ман деп жазыпты. Буннан бурынлары да бизлер усындай хабарлар алып қуўанып қалысатуғын едик.

Ағам жумыстан келиўден шашымды тез қырып таслады. Мен үйге қонбай, атларды бедеге бос жиберип. күндеги әдетим бойынша қырманның басына барып жаттым. Басқармалар малды бедеге жайдырмайтуғын еди. Бирақ, мен атларым жарамлы болсын деп, сайдағы жоңышқалыққа апарып түнде тусап жиберетуғын едим. Оны ҳешким билмейтуғын еди. Арбаны қырманның басына апарып қойсам, мен ийелеп жүрген сайда тусаўлы төрт ат жайылып жүр екен. Ашыўым келип атларды алысқа асырып салайын деп ойладым. Аныңлап қарасам, бригадир айтқан еки аттың Дәниярдики екенин билдим. Ертеңнен баслап бәримиз бирге станцияға қатнаймыз ғой; деген ой менен, атларға тиймей қырманға қайтып келдим. Жатайын деп сабанға келсем, Дәнияр да усы жерде екен. Арбаның мергенек гүпшеклерин кешки жарықта жаңа ғана майлап болып, бурандаларын салып атыр екен.

— Дәнияр аға сайдағы атлар сизики ме?— дедим. Ол бурыла берип маған қарады.

— Екеўи меники.

— Басқалары ше?

— Анаў Жәмийла дейме... сол келиншектики. Ол сениң жеңгең бе?

— Жеңгем.

— Бүгин ақшам бағып бересең деп, бригадирдиң өзи таслап кетти.

«Ҳе, жаңағы атларды айдап жибермегеним жақсы болған екен» —деп ойладым ишимнен.

Түн болып, таўдан ескен өлпең самал тынды. Қырман басы да тынышлық қушағына енди. Мен жатырған сабанға келип Дәнияр да жатты. Бирақ, бир аздан кейин ол орнынан турды да, сылдырап суў аққан терең сайдың тик жағасына барып турды. Ол, турған жеринде еки қолын артына қаўсыра услап, басын сәл ғана бир жағына қыйсайтып, табжылмай тура берди. Айдың геўгимленген жумсақ жақтысында Дәниярдың артынан қарасаң, денеси тастан қашаў менен қашаған сүлдер тәризли қараўытып көринеди. Мүлгиген түнги тынышлықты бузып, усы ўақытта ғайыптан бир күш алғанда, жолында гезлескен тасларға урынып, сайда гүрилдеген суўдың сарқырағаны, я болмаса басқа бир қулаққа емески-емески еситилетуғын сести тыңлағандай Дәнияр орнынан қозғалмайды.

«Қәдимги әдетинше және суўдың жағасында жатайын деп ойлаған екен ғой!»—деп күлип қойдым ишимнен.

Дәнияр бизиң аўылға жақында ғана пайда болды. От орыў жаңа басланған ўақытта, әскерден бир жаралы жигит қайтып келди деген хабарды аўылдан жуўырып келген бир бала айтып берди. Бирақ, оның ким екенин баланың өзи де билмеди. Аўыл да белгили ғой: биреў әскерден қайтып келипти дегенди есите ғойса, тайлы таяғы қалмай, дийдарласыўға баратуғыны. Ал, бул сапары келгенниң аты-жөни белгисиз болып, от орып атырғанлар оннан бетер абыржыға түсип шуўласып қалды.

Сөйтип, ол ким екен? Кимниң баласы? Бизиң пәленше болып жүрмесин? Бизиң төленше болып шықпасын? — деп ғалаўыт салған

орақшылардың бир қатары аўылға жуўырып барып қайтып та келди.

Негизине келгенде Дәнияр бизиң аўылдан екен. Аўыл адамларының айтыўына қарағанда, ол жаслайынан жетим қалып, оннан кейин ҳәркимниң қолында жүрип, бир күнлери Шақмақтағы қазақ дайыларыникине кетип, сол кеткенинен артында излер, жаны ашыйтуғын жақын туўысқаны жоқ, елдиң есинен шығып умытылып қалған. Аўылдан кеткеннен соңғы өмири туўралы Дәнияр шешилисип, айтарлықтай ҳеш нәрсе айтпапты. Ал, ҳәзир ойлап қарасам, оның көрмеген азабы, кеширмеген қыйыншылығы жоқ болса керек.

Сүйенетуғын таўы жоқ, тырнақтай баланы тәғдийир бир жерден екинши жерге қарай айдап, талай нәрселерге дуўшар етеди. Дәнияр көп ўақытларға дейин Шақмақтың қақсаған ыссы даласында қой бағады. Буўыны қатып, бели бекигеннен кейин адамның аяғы тиймеген шөлистанда канал қазыўға қатнасып, ол жерде жаңа қуралған пахташылық совхозларында пахта егип, егин суўғарып, оннан Ташкенттиң қапталындағы Ангрендеги көмир шығатуғын шахталарда жумыс ислейди. Сол жерде ислеп жүргенде әскерликке кеткен.

Не болса да, көз көргенлер оның қайтып келгенине ырыйза болып: «Бийшара, дуз несийбеси бар екен, көрдиң бе туўған жерине айланып келиўин. Сонша жыл шетте жүрсе де, өз тилимизди умытпапты, тек ғана азлап қазақша қосады» — десип олар өз ырыйзашылығын айтысып атыр.

«Тулпар айналып үйирин табады. Туўған жер ел-журт деген аңсат па? Келгенине қудай

атынан ырыйза. Мына германды жеңип, тынышлық орнаса, сен де халық қатарында түтин түтетип, үбирли-шүбирли боларсаң!» — деген ғаррылар Дәниярдың жети атасынан берман қарай сорастырып отырып, оның қайсы урыўдан аўылдағы жақынының ким екенин де таўып берди. Енди аўыл адамлары; «Жаңадан табылған туўысқанымыз Дәнияр» дейтуғын болды.

Арадан көп ўақыт өтпей-ақ бир күни шийнелин ийинине салып, сол аяғын сылтып басқан, узын бойлы, мойны соррыйған биреўди бригадир Оразмет ертип келди. Жорға бийесин адымлатып бастырған Оразметтиң жанында жаңағы узын бойлы адам, салмағын саў аяғына салып, аршынлай басып, қалыспай теңдей киятыр.

Биз, от оратуғын машина айдап атырған балалар, Дәниярды биринши рет көрдик. Ол ўақытта майып аяғының жарасы питпегенликтен, шалғыға жарамай, бизлер менен машина айдады. Ырасын айтайын, бизлер оны оншама жақтыра қойғанымыз жоқ. Себеби Дәнияр адам менен көп сөйлеспейтуғын еди. Сөйлескен менен де басқа бир, өзине ғана белгили ойларды ойлағандай, адамға туўры қарап турса да кеўили басқа жақта екени сезилип туратуғын еди. Ол өзинше әлле қандай бир қыялға батқан, меңиреў адамдай жүреди. Оның усы әдетин байқаған адамлар; «Байғустың урыстан еси кетип қалған шығар» — десип те жүрди. Бирақ Дәниярдың усы минези, ҳәрекети оның шаққан ислегенине, шалт жүрис-турысына дым байланыспайды. Сыртынан қарап

турсаң, минези жайдары сөзге шешен ғой деп ойлайсаң. Ямаса жетимликтиң аўыр азабы, турмыстың аўыр қыспағы тез ислеўге көп сөйлемей сырын ишине түйип услаўға үйреткен бе? Бәлким солай да шығар.

Оның бойына жарасқан жүзлери ҳәр ўақытта да муңлы көзинен шаршағанлықтың белгиси көринип турады. Адамға қараса салмақлы, ойлы қарайды. Оның жүзин өзгертип, ҳәрекетке келтирип турған —иймек қасы. Гейде ол бирнәрсе еситкендей гилт тоқтағанда, қанат кергендей, қасы жоқары көтерилип,көзиниң жанары дуў-дуў жанып, бир нәрсеге шексиз сүйсингендей болады. Оның не екени бизге түсиниксиз. Бир ғана бул емес, оның басқа да қызықлары бар. Кешке жақын атларды туўарып, қазандағы аўқат қашан писер екен деп, ҳәммемиз ошақтың айналасында дем алып отырамыз. Ал, Дәнияр болса, қара көрим жердеги қараўыл төбениң басына шығып, ымырт жабылғанша тапжылмастан сол жерде отырады. «Ол жерде не бар екен, гүзетте тура ма екен?»—деп бизлер өз-ара күлисемиз. Бир күни мен де қызығып кетип төбеге шықтым. Дәниярдың қасына барып отырдым. Төбениң басында адам қызығарлық ҳеш нәрсе жоқ сыяқлы. Дурыс, төбениң басынан айнала дөгерек кеңирек ашылып, таў етегин иңирдиң қойыў қараңғысы қаплап, көсилген кең дала теңиз түбине шөккендей болып, барған сайын геўгим көйленке қушағына енеди. Дәнияр мениң келгенимди аңлаған да жоқ. Саў дизесин қушақлап, тек өзинше қыялға қашып, қуўаныш қушағында отыр. Усы ўақытта ол, мен еситпеген,

мениң қулағыма жетпеген қандай да бир әжайып үнди, кәрамат наманы тыңлап, оған жүрегинен орын берип, қулақ салып отырғанға усайды. Гейде оның қасы жоқары серпилип, көзлери жайнап, ишинде демиккен зор бир күш бардай, қомланады.Шамасы, ҳәзир отырған орнынан ушып турып, қулашын кең жайып айналадағы көз көргеннин ҳәммесин қушақлап, баўырына қатты-қатты қысқысы келетуғын сыяқлы еди. Бир қарағанымда дым да олай емес екен. Маған жумыстан жүдә шаршап, дем алып отырған адам болып көринди.

Бизиң колхоздың жери Күркиреў дәрьясының қуўыс қолтығындағы үлкен сайда еди. Күркиреў дегендей-ақ қыснақтан жулқынып шығып, сол алған бағыты менен жазықлықта да бир тынбастан, бул өзек суўлығына таслаўы менен алға умтыла береди. От жыйнайтуғын мәўсим таў дәрьясының суўының көбейетуғын ўақты. Тастан тасқа урынып, жолында гезлескенниң барлығын алдына салып, айдап сары көбик шашқан өзек кешке жақын көтериледи. Түнде оның жер жаңғыртқан сарқырамасынан ылашықта жатқан мен оянып кетемен. Қаймағы алынған сүттей көк гүмбезли аспан, сырттан салқын самал есип, күлимлеген жулдызлар ылашықтың тесигинен сығалайды. Түнниң жым-жыртлық тынышлығында суўдың ағысы айрықша күшли сезилип, ылашықтың иргесине шылпылдата толқын урып, тап келип қалғандай болады. Жағадан қаншама алыста болсақта, ылашығымызды суў ағызып алып кетеме деген қорқыныш адамның ойына ерксиз келеди. Жолдасларым шырт уйқыда. Мен далаға шықтым.

Сайдағы түн шырайлы да, қорқынышлы да. Жағада тусаўлы турған атлардың қаралары көринеди. Атлар отқа тойып, олар анда-санда пысқырысып, киснесип атыр. Олардың қапталында бурқып аққан суў жағадағы шөплерди қайыра жапырып, тасларды домалатып ағызып, ҳеш нәрсе бөгей алмайтуғын тәслим күши менен, жердиң астынан шыққандай гүркиреп, жанлы, сезимталлы мақлуқаттай өз намасын шертеди. Оны тыңлағанымда ҳүрейленип қорқаман. «Айтпақшы мен усындай түнлерде Дәнияр қаяқта екен?—деп ойлайман. Ол ҳәрдайым өзектиң ғырра жағасындағы дәстелерге барып жатады. «Ол түнде қорықпай ма екен. Қулағы мынаў сарқырамаға тынбай ма?»—дегенди ойлайман.

«Уйқылап атыр ма ямаса ояў ма екен? Япырмай бала, жалғыз өзи суўдың бойына барып жатқаннан қандай рәҳәт табады екен, неси бар бунның? Не болса да өзи қызық екен... Адамнан аўлақ»... Ҳәзир қаяқта екен деп қарайман, тыңлайман, бирақ ҳешнәрсе жоқ. Сайдың әржағында таўдың жотасы мунарланады, ашық аспан төринде жылтырап жулдызлар сағымы көринер көринбес болып тур.

Аўылға келгенине әдеўир ўақыт болса да, ҳешкимге жоламай, бәрҳәма жалғыз жүрип, Дәнияр өзине жора-жолдас таппады. Биреў менен жақынласыў, сөз алысыў оған жақсы сыяқлы. Ҳешкимге жақсы я жаман демейди. Аўыл арасында қолынан жаманлық, жақсылық та келип жыйналыс-жыйынларда сөз сөйлеп, той-мерекелерде ақсақаллардан қалыспай сөз жарыстырып ел басқарып жүрген үстем жигит те қәдирли, сыйласықлы адам болып тил-

ге илинеди. Қыз-келиншеклердиң де көзине түсетуғын усылар.

Ал, Дәниярға усап, өзин басқалардан шетке алып, жуўас адамларды иске асқан мықлылар оншама менсине бермейди. Ал қатарда жүргенлер оның зыян пайдасы болмағанлықтан: «Еплеп жан сақлап жүрген бийшара ғой», —деп қояды. Ал, бизлерге усаған шаппаттай балалардың үлкен жигитлерге теңлесип жүргенди жақсы көретуғын әдети емес пе? Бизлер Дәниярдың көзинше де, көзи жоқта да оның минезине күлетуғын едик. Ол олма көйлегин өзиниң жуўғанына да күлетуғын едик. Әскерден кийип келген көйлеги жалғыз болғанлықтан оны шала кептирип, үстине кийип алады. Бирақ, бир қызық жери, Дәнияр жуўас болса да, бизлер оннан ийбенип туратуғын едик. Оны жас үлкен деп сыйлайтуғынымыздың себеби, ол мениң ағаларым менен қатар еди. Бундайларды бизлер «сен» деп өзимиздиң баҳамызды төмен түсирмеймиз. Сонша ҳүрмет еткендей Дәниярдың басқалардан артықшылығы жоқ. Сөйтсе де оның усы бир тынық, сабырлы минезинде терең сыр бардай, қалған балалар оған көп батына алмайтуғын еди.

Оның себеби мынада болды ма деп ойлайман: мен адамлардың көрген-билгенин, әсиресе урыста болғанлардың бастан кеширгенлерин сорап билиўге қызықсынатуғын едим. Сораў деген менде ҳешбир таўсылмайтуғын еди. Усы себепли «Сейит пәтиўасыз» атанып та кеттим.

Дәниярдың дәслепки келген күнлеринен баслап көп ўақытқа шекем оннан урыста болған талай қызықларды еситемен ғой деп дә-

меленип журдим. Бир күни жумыстан кейин аўқатланып болып, оттың айналасында дем алып отырғанымызда мен Дәниярдан;

— Дәнеке, урыс ҳаққында айтып бермейсиз бе деп сорадым.

— Урыс дейсең бе? —деди ол, неге екенине белгисиз, даўысын пәсеңлетип түнерип сала берди. — Урысы қурысын, сизлер оны билмей-ақ қойыңлар.

Дәнияр қасында жатырған қуўрайлардан үлкен бир қысым алып, отты көсеп үплеп жандырды да, бизлерге қарамай, қолын отқа қалап шарпып жанған жалыннан көзин алмай үнсиз отырды.

Оның не себепли былай еткенин ким билсин, бирақ жаңағы айтылған гәпти урыс дегенниң ертек сыяқлы ермек емес, адамның жүрегине түскен, аўызға аўыр нәрсе екени сезилди. Уялғанлығым менен мен төмен қарадым. Буннан кейин урыс ҳаққында Дәниярдан сорағаным жоқ. Басқа балалар да оған тийисип, дәлкеклескенин қойды.

Минези тынық, адамға ысығы жоқ Дәниярдың әўелгисиндей бир өзи жүрип, әскерден қайтып келгенинен қызығы тез-ақ тарқап кетти. Гейбиреўлер оны әпиўайы-ақ «әйтеўир бир жүрген жан ғой!» дегендей көзине илмей, ал енди биреўлер оның көзинше күлип сөйлеп, басқалардың жаны ашып: «белгили мәканы жоқ, еплеп күн көрип жүрген бийшара, көрдиң бе... колхоздың берген ыссы тамағы болмаса, әлле қашан қаңғырып кетер еди... Бийшараның өзи де қойдай жуўас екен!»—деп аяпта жүрди. Бара-бара адамлар Дәниярдың минезине үйренисип, сөз қылғанды да қойды.

Егер адам өз көз алдында турса да өзин-өзи бир ис пенен көрсетпесе умыт бола бермей ме?

* * *

Ертеңине күн шықпастан бурын Дәнияр екеўимиз атларды қырманға әкелдик. Орақта жүрген жеринен Жәмийла да келген екен. Бизлерди анадай жерден көрип бақырды.

—Ҳәй, мениң атларым қайсы, бермаған әкел! Қамытлары қаяқта екен? — деп тис қаққан тәжирийбели арбакешлердей дегершиклердиң мергенек турған жерлерин аяғы менен теўип көрип атыр. Атларды қосақлап жетелеп, бизлер жақынлап келгенде Дәнияр екеўимиздиң түримиз оған қызық көринди ме деймен, өйткени атқа жайдақ минген Дәнияр-дың қонышы кең солдат етиги саланлаған узын аяқларының басына илинип, ал, мен болсам өкшемди қалың күс басқан аяғым менен атты тебинип киятыр едим. Жәмийла бизлерге қарап күлип қойды; ўа, узынлы-қысқалы шабазлар. Таўып қосылған екенсизлер деп ол бизлерди тежестире баслады. Болыңлар, урыста турыс жоқ, ертерек салқын менен жүрип кетейик, — деди де атларды арбаға жеге баслады.

Дәнияр қапталымызда жүрсе де, Жәмийла оны адам ба, ямаса қойлеңкеме деп көзине де илген жоқ. Сөйлессе мениң менен сөйлесип, бизлерден қалмай атларын жеге берди; Жәмийланың қыр көрсеткендей шалт ҳәрекети, өткирлиги Дәниярды таң қалдырды. Қабағын үйиўи менен оны жақтырмағандай, қабағын үйип қырынлап айналып кетти. Дәнияр

тәрезиниң үстинен қаплардың биреўин қушақлап алып, үн-түнсиз арбасына көтерип салғанда, Жәмийла оны бастырмалатып кетти.

— Ол не қылғаны, ҳәрким өзинше далбайға шаўа бере ме екен? Қолыңды бер, қолласқанды қудай қоллайды! Арбаның үстине шық, қапларды ал! — Жәмийла Дәниярдың қолын өзи шап берип услады да, екеўи қолласып қапты көтергенде, Дәнияр уялғанынан қызарып кетти. Олар қапларды қолласып услап арбаға әкелип жүргенде беккем айқасқан қоллар бирин-бири қыса түсип, еңкейгенде басы қаптың үстинен Жәмийлаға тийген Дәнияр өзинен өзи уялып, оның жүзине қарамаўға тырысты. Ал, Жәмийланың оның менен иси жоқ. Тек арман-берман өткенде тәрезиши келиншек пенен ғана ҳәзиллеседи. Арбаларға қаплар жүкленип болынды. Жолға түсежақ ўақтымызда Жәмийла маған бир көзин қысып қойып, Дәниярға;

— Әй, сениң атың Дәнияр ма еди? Еркек деген атың бар ғой, жол басла! — деди. Бирақ, Дәнияр бул сапары да үндемеди, шоршынғандай келиншекке бир қарап, арбаны айдап кетти.

«Бул сорлының уялшағын көрдиң бе!» деп мен ишимнен аяп кеттим.

Жол алыс. Жигирма шақырымдай сырдандай дала менен жүрип өтип, төменде жатқан Қаратаўдың қыснағынан өтип, станцияға барыў керек. Бир жақсы жери, қырманнан тап станцияға барғанша жер тегис, атларға жүдә жеңил. Үлкен таўдың гедир-будыр төсине орналасқан аўылымыз жылғаға киргенше, қа-

шан артына қарасаң да, тал тереги қарайып, жоқары беттен көринип турады. Темир жол усы жылғаның етегинде.

Мине, бизлер усылай етип күнде қатнап, дән тасып жүрдик. Аўылдан ертелетип шығып, станцияға түс аўа жетемиз. Күн көterилип, дала ысыған сайын, атлардың саўырсынларынан тер жосып, бирге ерип киятырған шыбынлар шаңның арасында, атлардың үстинде ушып-қонып жүреди.

Аспан айналып жерге түскен шилле күнлери. Станцияға келсең арба менен атлардан аяқ басарға жер жоқ. Таў арасындағы алыс колхозлардан дәнди өгизлерине, ешеклерине теңлеп артып, айдап киятырған балалар менен ҳаяллардың арқалары қап-қара тер болып, шаң басқан бетлери қап-қара болып күнге күйип кеткен. Ыссыда жарылып кеткен ериnлери, жалаң бас, әбден болдырып, диңкеси қурып киятырғанларын көресең. Заготзерноның шарбағының иши улы шуў кум-қуўыт, дәрўазасында; «Барлық ғәлле урыс майданы ушын!» деген уран жазылған. Атпа ылайдан салынған диййўалы бар шарбақтың сыртында паровоз вагонларды арман-берман сүйреп, қайнаған пуўы бурқырап, тынбастан ҳәрекетте жүр. Өткинши поездлар жылғаны жаңғыртыўы менен өтип кетеди. Қамбаның қарсы алдына шөгирилген түйелер орынларынан турғысы келмей, аўызларынан көбигин шашыратып ашыўлы бақырады.

Үлкен жайдың ишине таўдай үйилген бийдай. Қапларды арқалап, тақтайдан исленген паяпыл менен қамбаның төбесине шығып төгиў керек. Күнниң ҳәўири менен қызған жай-

дың төбесинен боялған темирдиң ийиси шығып бийдайдың шаңы аспанға көтериледи.

— Ҳәй бала, көзиңе қара, жоқарырақ шығарып тасла! — деп уйқы көрмеген көзи қыпқызыл болып қанталап кеткен қабыллаўшы, төменде турып маған жудырығын көрсетеди.

Ол не ушын жудырығын көрсетеди? Олай етпесе де болады ғой. Тайып кетип жығылмасақ, ол айтпай-ақ жеткиземиз ғой.

Бизлер бул дәнниң мийнетин тек ғана усы жерде көрип қоймастан, далада да еккен күннен баслап-ақ көрип жүрмиз. Ҳаяллар болса жаз бойына мәпелеп өсирген, ҳәзирдиң өзинде де жалыны шарпып турған далада тозыўы жеткен, күнине жүз мәртебе бузылатуғын комбайнды жүргизип комбайншылар сергизданлыққа түсип жүреди. Орақшылар болса азаннан қас қарайғанша сызлап аўырған белин бир ирет те жазбастан бийдай орады, жерге түскен ҳәр бир масағын шаппаттай балалар тереди. Бул күнлери бизиң барлық тапқансүйенгенимиз, жыйған-тергенимиз әскерлердики, оларға бизиң жеңисимиз ушын берген маңлай теримиз бенен қанымыз.

Еле мениң есимде. Жаңа қәддимди тиклеп киятырған мениң де қарыўлы жигитлердиң көтеретуғын қапларын арқама салып, оның аўзын тисим менен тислеп, жоқары көтерилип баратырғанымда, қабырғам қайысып, көзимниң алды қараўытып кететуғын еди. Ҳәр адым таслаған сайын паяпылдың тахтайлары майысып, қамбадан шыққан шаңғыт өкпени қысады. Талай мәртебе арқамнан жылысып баратырған қапты екшеп жиберип, өзим де паяпылдан қап пенен қасарлана қулайман деп

сөйлайтуғын едим. Бирақ артымда қап көте-
рип киятырған адам бар. Ол да маған усаған жас бала, ямаса балалы ҳаял шығар. Егер урыс болмағанда бунындай аўыр жукти буларға ким көтертеди. Ҳаяллардың өзлери билеклерин сыбанып, беллерин беккем буўып ислеп жүргенде, еркек атым бар, ҳәлсизлигимди көрсетиўге қандай ҳақым бар мениң.

Алдымда Жәмийла кетип баратыр. Етегин жоқары қыстырып алған, қара торы толық балтырының булшық етлери бултыйып, тамырлары үзилип кететуғындай билеўленип көринеди. Арқасындағы жүгин жениллетейин дегендей ол қаптың астында бүгиле ийилип, аяғын шаққан-шаққан басады. Гейде ол мениң ҳәлсирегенимди сезгендей, тоқтап қалады да:

— Шыда, кишкене бала, енди ара аз қалды! — деп қояды. Бирақ, өзиниң де даўысы соңдай еплеп шығады.

Қаптағы бийдайды төгип, кейин қайтқанымызда, алдымыздан Дәнияр ушырасып қалады. Қәдимгише ҳешкимге қосылмай, үндемесстен салмақ пенен аяғын сылтып басады. Бизлер тусынан өте бергенимизде, ол уйыған белин жазып, көйлегин түсирип жиберип киятырған Жәмийлаға еңкейген қәлпинде көзиниң асты менен бир қарайды. Тап оны биринши рет көргендей, ҳәрдайым усылайынша қарайтуғын еди. Бирақ, ол Жәмийланың ойына да кирип шықпайды. Бирге ислегеннен баслап екеўиниң арасындағы әдет былай еди; Жәмийла гейде әйтеўир ермек ушын оған үстемлик пенен күлип сөйлесе, гейде оның бар жоғын пүткиллей умытып, есинен шығарғандай ҳеш нәрсе демейди. Ямаса бир нәрсени айта сала-

ды. Бул Жәмийланың кеўилине байланыслы. Кеўли келсе, жолда киятырып маған: «Айда атларды, кишкене бала, кеттик!» — деп даўыслап қояды да, отырған орнынан ушып турып, қамшыны үйириў менен бақырып, арбаны қаттырақ айдап кетеди. Мен де оннан қалыспайман. Көзди ашып жумғанша алдымызда жол баслап киятырған Дәниярды басып өтемиз. Ол шаңға көмилип, артымызда қалады. Бунық өзи тамаша болса да, адамның ашыўын келтиретуғын нәрсе. Сонда да Дәнияр ашыўланыўды билмейди. Шаңды бурқыратып қасынан өтип баратырғанымызда ол күлимсиреп, арбада түргелип турып, атларды оңлы-соллы қамшылап, қатты айдаған Жәмийлаға үндеместен таңырқаўы менен қарайды. Не болды екен деп, мен артыма бурылып қарайман; думандай қойыў шаңның астында қалғанына Дәнияр ырыйза болғандай Жәмийладан көзин айыратуғын емес. Оның бул қараған көз қарасында Жәмийланың усындай ермеги, кекетип күлгенин Дәнияр кеўлине келтирмейтуғын сыяқлы бәрине шыдап тил қайтарған емес. Тек Дәниярға мениң жаным ашып:

— Жуўас адамды қоймайтуғының қалай, жеңге? — десем, Жәмийла:

— Әй, оны қойса! — деп қолын силтеп күледи. — Ермеклеўге жақсы дә! Не, соның менен оны құдай алып кетеме!...

Үйренисе келе жеңгемниң бунысына мен де қосылдым. Өйткени Дәнияр Жәмийладан көз айырғанды қойды. Әсиресе, Жәмийла қап көтергенде ол ислеп атырған жумысын тоқтатып, көзиниң қыйығы менен оған қарай береди. Ҳәрким өзинше бәнт болып, жумыс пенен

ҳәлек болып атырған көпшилик арасында бунымды ҳешким абайламайды деп ойлай ма, билмеймен, әйтеўир даўысы қарлыққан арбакешлер бақырысып, ат арбалар сеңдей соқлығысқан станцияның базардай шарбағында, жалғыз ғана Жәмийла елден ерекше жаратылғандай, қаншама қыйналса да, бир жөн қыймылдап, әпиўайы күлип, ҳақыйқатында да көзге түспей турмайды. Арбадағы тиккесине қойылған толы қапты Жәмийла шалқая берип, астыңғы еки мушынан услағанда, пүткил денеси созылып, көкиреги керилип, күнге күйген қара гүреӊ шаштың өримлери узайып баратырғандай, арқасындағы салмақтан, шала жумылған кирпиклердиң арасынан көздиң жанары жалт ете қалады. Қапты көтерген Жәмийла қамбаның есигине жеткенше, Дәнияр бағанағы көз қарасы менен оған сездирмей қарап узатып салады. Бирақ буны мен билип жүрдим. Дәслеп буған оншама кеўил аудармасам да, кейинирек Дәниярдың қызыға қарағаны маған жақпақ түўе, намысымды келтирди. Ҳешкимге теӊ көрмей қызғанып жүрген жеңгемди, басқалар былай турсын, Дәнияр сыяқлыны қалайын ша теӊ көремен!

«Усының да Жәмийладан ойы бар болса керек, басқаларға не илаж! Тоба!» — деп ашыўым келип, ишимнен гижинип жүрдим. Енди Дәниярды мөмин деп аяў былай турсын, ал оны жек көретуғын болдым. Мен де жеңгеме қосылып оны ермеклейтуғын болдым. Бирақ, бизиң бул исимиздиң ақыры уятқа қалдырды.

Бийдай салған қаплардың арасында алашадан тигилген жети пудлық бир қанар бар

еди. Ҳәрдайым оны жеңгем екеўимиз қолласып қамбаға зордан апарып төгетуғын едик. Өйткени, бир адамның күши жетпейди. Бир күни қырманда арбаларға дән тийеп атырып, жеңгем екеўимиз жаңағы қара ала қанарды Дәниярдың арбасына салып, үстин басқа қаплар менен жасырып қойдық. Дурысын айтқанда, бизлер Дәниярды не қылар екен деп ойлаған едик.

Күн шыға қырманның басынан шығып кеттик. Жолдағы орыс аўылында биреўдиң бағына кирип, Жәмийла екеўимиз алма урлап шықтық та, жол бойынша күлисип киятырмыз. Жәмийла Дәниярға «усла» деп, оны алма менен урып болды. Алма таўысылғаннан кейин бизлер бурынғыша Дәниярды шаңға көмип озып кеттик. Дәнияр бизлерди жылғадан шыға бергенде қуўып жетти. Темир жол жабық екен. Ашылыўын күтип тур едик. Темир жолдан өткен соң станцияға бирге келдик. Усы жерде бағанағы жети пудлық қанар есимизден шығып кетипти. Ойымызда ҳешнәрсе жоқ, дәнди тасып жақынлаған едик. Бир ўақытта Жәмийла мениң бүйиримнен түртип, Дәниярға қарай көзин қысып, күлип қойды. Дәнияр арбаның үстинде турған екен. «Буны не қылсам екен?» — дегендей, жаңағы үлкен қанардың ол жақ, бул жағына қарап, Жәмийланың күлкиге буўлығып атырғанын көргенде, бирден томсырайып, түнерип сала берди. Сынап турғанымызды билген сыяқлы.

— Әй, сен, шалбарыңды жоқарырақ көтер, сыпырылып түсип кетпесин! — деп күлди Жәмийла.

Дәнияр оған жаман көзи менен алара бир

қарады да, қанарды әри-бери қозған, арбаның жақлаў ағашына сүйеди де, бир қолы менен услап турып, жерге секирип түсти. Бизлер ҳә дегенше болған жоқ, зилдей қанарды арқасына салып, еңкейиўи менен қамбаға қарай жүрди. Дәслеп не қылар екен деп, жортаға байқамағандай болып, сыр бергенимиз жоқ. Басқалар болса Дәниярға дым кеўил аўдарған жоқ, журттың барлығы қап көтерип жүрген жоқ па, кимниң ким менен иси бар. Бирақ Дәнияр паяпылға жақынлап келгенде, Жәмийла оның артынан жуўырып барды.

— Буны қаяққа апарасаң, өзиңниң дениң саў ма, тасла усы жерге, ойынды да билмейсең бе?

— Арман тур! — деп Дәнияр оны қолы менен ийтерип жиберди.

Пәти қайтқан Жәмийланың күлкиси келип еди, бирақ паяпыл менен жоқары көтерилип баратырған Дәниярдың артынан қарап турып:

— Буның өлерменине қара, көтерип баратыр! — деп айыплы кисидей әйтеўир күлди. Жәмийла соннан баслап-ақ шықылықлап күле берди; бирақ барған сайын оның күлкиси пәсеңлеп, өзин-өзи зорлап күлдирип турғандай болып көринди. Дәнияр анадай жерге барып, жаралы аяғына күн түсип, ақсаңлай баслағанда, бизлер оны қандай қыйыншылыққа салғанымызға түсиндик. Оның аяғының майып екенин не ушын бурынырақ ойламадық? Пай, мениң балалығымды-ай! Буны ойлап тапқан кесир мен ғой!

— Қайт кейин! — деп бақырып жиберди Жәмийла күлки аралас даўыс пенен. Бирақ, енди кейин қайтыўға кешиккен еди. Себеби,

Дәниярдың артында қап көтерген адамлар шубырысып киятыр.

Буннан кейин не болғанын өзим де аңламай қалдым. Мениң еки көзим Дәниярда. Көзимниң алдында зинкийген сол үлкен қанар. Дәнияр болса еки бүкленип оның астында паяпыл менен жоқары шығып баратыр. Майып аяғын сүйрей басып, оған оншама күш түсирмеўге ҳәрекетленсе де, қайтадан қәдем таслағанда, аўырғанына шыдай алмай ернин тислеп, басын шайқайды. Ол қаншама жоқары көтерилген сайын үстиндеги қара ала қанар арқасына жабысып қалған бәледей биресе оңға, биресе солға теңселтип баратыр. Жеңгем екеўимиздиң ойланбай ислеген бул қылмысымызға мен қатты уялып, есимнен айырылып, денем дирилдеп сала берди. Қанар көтерген Дәнияр емес мен, сол сызлап аўырған жаралы аяқ меники сыяқлы, ол теңселгенде мен де теңселгендей болып, көзим қараўытып кетти.

Тосыннан Дәнияр тоқтап қалды. Ернин жымырып тислеп, көзин жумды. Мениң де басым айналып, жер көшип баратырғандай көринди. Бираз ўақытқа шекем есимнен айырылғандай ҳешнәрсени сезбей қалдым.

Биреў билегимди сындырып жиберетуғындай тас етип услап алды. Қарасам Жәмийла екен. Өңи бозарып, өңип кеткен шүберектей болып кетипти. Еринлери бурынғы күлкиниң изин сақлаған бойы шала ашылып, көзин Дәниярдан алмай, телмирип қарап қалыпты. Бизлердиң қасымызға дән қабыллаўшы да, басқалар да жуўырып келип қалыпты. Олар да не болғанына түсинбестен, Дәниярға қарады. Мине, Дәнияр жүрип баратырып арқасынан

жылжып төмен түскен қанарды жөнлемекши болып, оны жоқары көтергенде, диңкеси қурып, дизесин бүге баслады.

— Тасла! Тасла қанарды! — деп Жәмийла бақырып жиберди. Дәнияр айтқанды тыңлаған жоқ, қанарды паяпылдың шетине қашшан-ақ қулатып жибергенде, онда ол кейинде киятырғанларға да зыян етпес еди. Бирақ Дәнияр олай ислемеди. Жәмийланың даўысын еситкен соң өршеленип қайтадан алға қарай умтылды. Сәл илгерирек жүрген соң ол және де тентиреклеп кетти. Оның тентиреклегенин көрген дән қабыллаўшы жаны шығып кететуғын сыяқлы бақырып жиберди!

— Тасла, тасла деймен, ийттиң баласы!

— Тасла! — деп басқалар да бақырысып атыр.

Дәнияр бул сапары да айтқанды тыңламастан, тентиреклеп алға қарай жүрди.

—Ой мынаўың тасламайды, айтпады деме!— деди қарап турғанлардың биреўи, тасламайтуғынына көзи жеткен адамдай қолын бир силтеди. Жалғыз оның бир өзи емес, ал қасымызда турғанлар да, қанар көтерген Дәнияр-дың артынан паяпыл менен шығып баратырғанлар да, бул истиң ешейин емеслигин бунда бир сыр бар екенин, Дәнияр қанар менен бирге қулап түспесе, ол оны ҳеш қашан жибермейтуғынына түсинген сыяқлы.

Жыйылған журт қәпелимде тым-тырыс бола қалды. Қамбаның сыртында эшелонды орнынан қозғап, вагонларды бир-бирине дүгистирип жүрген паровоздың ғана даўысы еситиледи. Өрге жүк сүйреген аттай жабыса түсип, Дәнияр паяпылдың бийик басында тур.

* * *

Теңселип жығыла жазласа ол тоқтай қалып күш жыйнап, қайтадан және алға қарай жүреди. Дәниярдың артында киятырғанлар оның ырқына көнип, ол тоқтағанда тоқтап ол қозғалғанда олар да қозғалады. Дәниярға қарай олардың да диңкеси қурыған. Қара тер, қара суўға түсип қалыпты. Бирақ, ҳешқайсысы да оны сен деп, тис жарған жоқ. Асыўдың тайғақ жолында биреўин биреўи усласып, ийинлесип киятырғандай қап көтергенлер үнсиз ҳәрекетте. Егер де биреўи жазатайым қулап түссе басқалары да оның артынан ушып кететуғындай сезеди. Олардың үнсиз қыймылында қандай да бир аўыр ырғақ, бир аўыздан шыққан дем бар, Дәнияр өкпелеп киятырған ҳаялдың шалысып жығылыўға азғана ғана қалғандай. Бирақ, ол қудайдан өзине емес, ал Дәниярға қуўат тилеп, ол ушын әрўақларға сыйынып киятырған сыяқлы, оған жаны ашып қарайды. Мине, енди азғана ғана қалды. Дәнияр және бир рет дәрпенсе, паяпылдың тегис жерине жетеди. Бирақ усы ўақытта ҳалдан кеткен Дәнияр, жарадар аяғы ийкемге келмей салақлап, арқасындағы қанарды қоймаса, жығылыўға шамаласқан еди.

— Жуўыр! Артынан сүйеп жәрдемлесип жибер! — деди маған Жәмийла. Ал, өзи Дәниярды қақшып алатуғындай, сасқалақлап қалғанынан оған қарай қолларын көтере берди. Мен паяпыл менен жоқары қарай жуўырдым. Қап көтергенлердиң арасынан өтип, Дәниярдың қасына келдим. Арқасында қабы, еңкейген түринде ол қолының астынан маған бир қарап қойды. Тер қуйылған бетинен, маң-

лайындағы қан тамырлары билеўленип жарылып кететуғындай, көзине ызалы жас толып кетипти. Оған жәрдемлесейин деп умтылып едим, ол:

— Кет армаған! деди зәҳәрли үн менен. Оннан кейин қанарды бир силкип жоқары көтерип, жаны алқымына тығылғандай, ең кейинги күшин жыйнап, адымын аршынлай алға умтылды.

Исинип кеткен, аўыр тартқан қоллары салбырап, аяқларын зордан сүйреп басып, Дәнияр паяпылдан төмен түскенде, күтип турған журт ҳеш нәрсе деместен қақ айырылып жол бере берди. Тек ғана дән қыбыллаўшы шыдай алмады. Ашыўға буўлығып Дәниярға алып умтыла берди.

— Сен не, жин урғаннан амачбысаң бала? Ямаса мен соныңдай-ақ ийтпен бе? Айтқаныңда ғой, төменге-ақ төктиремен ғой. Саған усындай канарларды көтер деп ким айтты?!

— Исиң болмасын, өзим билемен! — деди Дәнияр әсте ғана. Оннан кейин шырт еткизип бир түкирди де, арбасына қарай жүрип кетти. Жәмийла оның артынан:

— Ойынды түсинбейтуғын ақмақ! — деди даўыслап. Ол усылай дерин десе де басын көтерген жоқ. Ал, Дәнияр оны еситти ме, еситпеди ме, бирақ ҳәзир ол иркилип турып, бизлерге не десе де, жеңгем екеўимиз оның бетине туўры қарай алмайтуғын едик.

Аўылға қайтып киятырғанда, жол бойынша тис жарып ҳеш қайсымыз ҳеш нәрсе дегенимиз жоқ. Ал, Дәнияр ушын бул үйреншикли әдет. Ол онысыз да сөзге олақ адам. Қалай болса да бүгинги оның ишинен тынғанлығы

жанымызға қатты батып кыятыр. Болмаса оның путкиллей кеўили қалып, иренжигени ме, ямаса кеўиллилик пенен жаңағы болып өткенлерди әлле қашан умытып кетти ме, ол жағын ким биледи? Бизлердиң бир-биримизге тымсырайысып үнсиз киятырғанымыз түсиникли: бир жағынан уялғанынан жерге қарап, екиншиден — астарсыз ҳәзилди Дәнияр шын көрип, кеўлине келтиргенин бизлер жақтырмай киятырмыз.

Ертеңине дәнди қапқа салып атырғанда, Жәмийла кешеги қырсықлы қара ала қанарды қолына алды да, аяғы менен басып турып, қос қоллап тартып айырып-айырып жиберди. Дал-далы шыққан қанарды ол тәрезиши ҳаялдың алдына ылақтырып таслады.

— Мә, алашаңды ал! Бригадириңе де айтып қой, екиншилей бундай қанарды бериўши болмасын!

— Ҳаў, сениң өзиң саўмысаң, бул не қылғаның?

— Ҳеш нәрсе емес....

* * *

Усының ертеңине күндегидей станцияға келип, қас қарая аўылға қайттық. Дәнияр алдымызда кетип баратыр. Оның өкпеси, ызасы тарқады ма, жоқ па ол жағын бизлер билмедик. Билиў де қыйын еди. Арамызда ҳеш нәрсе болмағандай Дәнияр бурынғысындай жүдә сабырлы, тынық ҳәм үндемейди. Кеше ол жарасын елестирмей, бүгин сорыққан жарасынан қаттырақ ақсаңлап жүрди. Ол ҳешнәрсе демесе де, усының өзи бизлердиң гүналы екенимизди жүрсек те, турсақ та есимизден шық-

пай, жүрегимизди тилимлеп болды. Не болған менен де, Дәнияр бир аўыз ҳәзил айтып, күлип қойса соның менен барлығы орнына түсип, умытылып та кетер ме еди, әлле қәйтер еди.

Жәмийла болса, ол да өз намысын жибермейди, ойында ҳеш нәрсе жоқ адамдай сыр алдырмайды. Сыр бермей еркин жүр. Өйткени менен оның аржағында ирениш, қайғырыў сезилип турыпты.

Мине, бизлер усылай етип аўылға киятырмыз. Несин айтасаң, сол күнги түнниң сулыўлығын айтпайсаң-аў! Жаздың аяқланып келген ўақтындағы август түнлерин ким билмейди. Аспандағы жулдызлар соншама алыста турған менен, ҳәр қайсысы өз алдына айрықша бир нур төгип, айналасын жылтылдаған гүмис қыраў жалатып, қара ала көк екекли аспанның төринен жерге жымыңлап, мийримин төгип қаранады.

Бизлер усы ўақытта жылғаның иши менен киятырмыз. Атлар салқын менен аўылға қарай кеўилли жортып киятыр. Арбаның дегершиклери салдырлап тасқа тийген нәллерден жылтылдап ушқын шығады. Жылғаға жазық даладан кирген самал, далада өскен жуўсанның қышқыллы ащы шаңын айдап келип, аңызда қуўрап қалған сабанның билинербилинбес қоңыр ийисин көтерип, усының барлығы терге жибиген қамыт ағаштың қарамай сасыған ийисине араласып, адамның басын айналдырады. Жолға қарай еңтерилип турған жар таслар қыйқашланған көйлеңке таслап, алысырақта, сай ишинде өскен қалың тал арасында Күркиреў тынбай сарқырап ағып атыр.

Изимизде қалған көпирден гүлдир-салдыр өтип атырған поездлардың жаңлаған гүдоги айналаны жаңғыртып алысларға тарап кетеди.

Усындай түнде жолға шыққан қандай жақсы! Қараңғыда бир қәлипте жүрип киятырған атлардың бағдарына қарап отырсаң, усы түндеги даўысларға қулақ салып, түнги хош ийислерге мәс болсаң қандай рәҳәт!

Усы ўақытта Жәмийла мениң алдымда киятыр еди. Атлардың дизгинин бос жиберип, еки жағына жүдә тигиле көз жиберип, әсте ғана ыңылдап қосық айтқандай болады. Бизлердиң үнсиз, сөйлемей киятырғанымыз оған аўыр сезиледи. Мен оны билип киятырман. Ҳақыйқатында да усындай әжайып түнде үндемеўге бола ма? Адамның көмекей тили, көкирегинде жаны болса, тәбияттың усындай тамаша көринислерине жуўап бермей ме?

Айтқандай, Жәмийла тыныш отырған жоқ: Ақырында даўысын шығарып қосық айтып жиберди. Мениңше буның да бир себеби бар болды-аў деймен. Жәмийла қалаида болмасын Дәниярдың кеўилин алып қайғысын пәсеңлетиўди ойлаған шығар. Гейде адамлар бириникин бири кеширмекши болады, бирақ соған да болар-болмас түртки керек ғой. Бәлким Жәмийлаға усындай ой келди ме, ол бар ықласы менен, бар өнерин салып сыңғырлаған даўысы менен кеўилли қосық айтты.

«Шайы орамал бир тартым,

Қасымда жүрсең садағам...» дегенге усаған қосықлар Жәмийлада толып атыр. Усының өзин тыңлап отырыўдың өзи үлкен бир мәртебе. Ол қосық айтып киятырып бир ўа-

қытта алдында кетип баратырған Дәниярға бақырды:

—Ҳәй, түнерген нәрсе, қосық айтсаң болмай ма? Жигитсең бе? я болмаса өликсемисең? —деди. Ал, Дәнияр арбасын иркиңкиреп, кейин бурылды да уялған адамдай әсте ғана.

— Айта бер, Жәмийла қулағым сенде! — деп қойды.

— Басқалар не, қулағын питеп қойып па? — деди ол мысқыллап. — Айтпасаң қой, көрдиң бе бунық ҳәкислениўин!

Оннан кейин «Сен айтпасаң, өзим-ақ айтаман» — дегендей ерегисип, қайтадан өзи айтып жиберди. Онық не ушын Дәниярға қосық айт дегенин ким биледи, болмаса соның менен оны сөзге шақырмақшы болды ма? Мениң ойымша солай болыўы керек. Өйткени бираз ўақыттан кейин, Жәмийла Дәниярға және де сөйледи:

— Ҳәй, Дәнияр, негизинде сен биреўди сүйип көрдиң бе? — деп, ал өзи неге екени белгисиз күлип жиберди. Бирақ Дәнияр жуўап берген жоқ. Ал Жәмийла да үндемей қалды. Бираз ўақытқа шекем жылғаның ишине тынышлық орнады. Дегершиклер ғана сықырсықыр етип, атлар басын шулғып таслап, пысқырысып қояды.

«Қосық айтатуғын адамды тапқан екенсең!» — деп ишимнен мен күлип қойдым.

Жолды кесип өтип турған сарқырама суўға келгенде Дәнияр арбаны әстерек айдап, жолдың гүмистей жылтыраған тасларына атлардың туяғындағы нәллердиң қарс-қарс етип тийгенине сылтаўыратып еңкейип тыңлап тур-

ды. Оның аўзынан бир ўақлары «шуў» — деп, атларды еркин айдап, күтпеген жерден:

«Ой, Ала-та-ў-ў, Ала-та-ў-ў.

Ата-бабам өскен жер!» — деп, арба селкилдегенде бирге селкилдеп, дирилдеген даўыс пенен қосық айтып жиберди. Не болса да ол усы ўақытта уялып кеткенге уқсайды. Бирақ даўысы қырылдап, шықпай қалды. Ал, кейинги еки қатарды көкирегин ҳаўаға толтырып, даўысын жүдә көтерип айтты.

«Ой, Ала-та-ў-ў, Ала-та-ў-ў.

Ақ булт қалқып көшкен жер».

Не болғанын билмеймен, ол усы жерге келгенде және тоқтады. Соның менен бирге үндемей де қалды. Уялшақ адамның күни қурысын, оннан да айтпай-ақ қойса да болады ғой! Қудай билсин, бетлери дуўлап жанып кеткен шығар. Ол емес, ал ол ушын мен де бийтақатланып қалдым.

Не деген менен де Дәнийардың усы даўысында қандай да бир назлы ашықлықтың изиниң бары бирден сезилип қалды. Даўысы да күшли.

«Мынаўыңның өзи» — дедим таңланып, Жәмийла болса бақырып жиберди.

— О, әдира қалған нәрсе, қаяқтасаң, басла? Айт енди, жөнлеңкиреп айт!

Дәнийар үндемей кете берди. Жылғадан шыға бергенде алдымыз ағарып көринди. Даладан ескен самал бетке тийди. Жаңағы айтқан қосығын Дәнийар даўам етсе екен деп мен шыдамсызлық пенен күтип киятырман. Бираздан кейин ол қайтадан қосығын баслап жибергенде мен оған шыным менен-ақ ырыйза болдым.

Дәнияр дәслепкидей емес, созып, бир қәлипли баслады. Бирақ даўысы бара-бар күш алып, шегине жеткенде жылғаның иши жаңғырып, алыстағы шыңлар Дәниярдың даўысын қайталап турды. Оның даўысы кем-кемнен ҳәўижленип алысларға шарықлап тарай баслады. Жаңғырған хош ҳаўаз емес, ал Дәниярдың даўысындағы сыртқа тепкен жалын менен шексиз мийрим адамды таң қалдырып, жағаңды услатады. Бунының не екенин, оны не деп атайтуғынымды мен билмедим. Бул қосықшының ҳаўазы ма, ямаса бир жүректиң төринен тасып шыққан бир нәрсе ме екен? Не себепли ол адамның жүрегин елжиретип, ой қыялын оятады? Мен буған ҳәзир де жуўап бере алмайман. Әттең қолымнан келип бул хош ҳаўаздың өзин ақ қағазға түсирип салып бергенимде қандай болар еди!

Оның хош ҳаўазына сөз жоқ. Анда-санда ғана бир аўыз сөз айтып қойып, оннан бир азға дейин демин алмай ҳәўижленген наманың қуры өзин айтады. Теңиздиң асаў толқыны қаплағандай қуйылған ҳаўаздың ырқы оның сөз айтыўға шамасын келтирмей атыр. Бурынлы соңлы мен бундайды еситкеним жоқ. Бул бир айрықша айтылған қосық! Дәўжүрекли адамның ой-санасын, қуўанышын, тилегин билдирген зор үн. Қырғызшаға да, қазақшаға да уқсамайды. Бирақ тыңлап отырсаң бул даўыста баяғыдан әйемги ата бабадан берли туўысқанлық қырғыз бенен қазақтың қызықлы негизги намалары жарасықлы табысқанға усайды. Хош ҳаўаз бир ўақытта қазақтың ушы-қыйыры жоқ шексиз даласындай еркин шалқыса, бир ўақытта қырғыздың зәўлим би-

йик таўларындай көкке тийеди. «Япырмай! — дедим ишимнен мен. — Дәнияр хош ҳаўаз адам екен ғой? Бундай екен деп ким ойлаған!».

Жылға кейинде қалды. Жазық даланың ортасынан өтип турған гүзар жолға шыққанымызда Дәниярдың ҳаўазы кеўилиниң дәртин тарқатып басқа бир таза күш пенен қосық айта баслады. Өмирде еситип көрмеген ҳаўазлар бирине-бири уласып, биринен соң бири көгилтим тартқан аспанның төрине қарай таралып баратыр. Дәниярға бүгин не болғанын билмей киятырман. Тап усы бүгин, усы саатта, айы күни толғандай, денеге сыймай киятырған барлық сырын, байлығын Дәнияр мине ҳәзир далаға шығарып, алдымызға төгип таслады. Мен оның не ушын журтқа күлки болып меңиреў сыяқланып жүргенин, не ушын кешқурын қараўыл төбениң басына шығып, жалғыздан жалғыз өзи қыялға шүмип отыратуғынына, не ушын сарқырап аққан өзектиң жағасында жатып жүргенин, не ушын қандай да бир еситилер еситилмес сеслерди тыңлағандай, қасы жоқары серпилип, көзинде қуўаныш оты жанғанын, мине енди ғана түсиндим. Бул адамның жүрегине муҳаббаттың оты түскен адам екен! Оның бул муҳаббаты мениң ойымша, жанындай жақсы көретуғын, кеўили аўған биреўге ғана арналған муҳаббат емес, қандай да бир оннанда зорлаў, оннанда күшли өмирдиң өзине жан берип, жанды дөреткен жерге жақты дүньяға деген... өлшеўге болмайтуғын күшли муҳаббат. Негизинде ол усы муҳаббатты жүрегинде беккем сақлап, сонын менен өмир сүретуғын адам. Егер ол соқыр,

жүреги муз болса, тәбият оны қандай тилинен пал үйирилген хош ҳаўаз қылмасын, ол ҳәзир усындай етип қосық айтпаған болар еди.

Дәниярдың ҳаўазы усы ўақытта түнги өзектиң үстинде еситилип, көз илинип, уйқыға кетип баратырған кең даланың бесигин ҳәйюлеп тербелткендей алысқа созылып узаңқырап кетеди. Жаңа пәсеңлегенде қайтадан күш алып, өзи дем берип өзи жаратқан, хош ҳауазлы бүлбилдиң даўысына ояңған дала қулағын түрип, тыңлап турады. Салма бойын қуўалап өскен, орақ күтип турған егинлер ай сәўлеси менен гүңгирт көлеңкесин ойнатып, қубылып ырғалады. Жолдан шетиректеги ески кериздиң бойындағы жаңа ержеткен тереклердиң жапырақлары сылдырлап, басқа даўысты еситтиргиси келмегендей және сыбырласа түседи. Оның аржағында қырманшылар от жағып, ертеңги күнниң ғамын жемекте. Әне ким екени белгисиз биреў қандай да бир жумыс пенен асығып дәрьяны бойлап, кең шалғайы қайырыўлы аўылға қарай жуўырып баратыр. Алдымызда аўылдың бағ-бақшалары қараўытып, аўыл беттен ескен самал менен писken алманың жаңа бас шығарып, баўырына түйнек қушақлағандай жүўери шашағының жупардай ийисин, қораларда жайылған тезеклердиң ыссы лебин әкеледи.

Дәнияр бир азға шекем қосық айтты. Қулпырған август айының әжайып түни оның намаларын тыңлап, мүлгиген терең тынышлықта мәўжиресип тур. Ол түўе атлар да арбаларды зордан тартып, аяқларын жай ғана басады. Мине, адамның денесин балқытып, бар ықласы менен айтып киятырған Дәнияр бир

ўақытта даўысын соза жоқары көтерип, айтып киятырған қосығын бирден тоқтатты да, жалма-жан атларды қамшы менен тартып-тартып жиберип айдап кетти. Мен Жәмийла оның артынан қуўады деп ойлап, дизгинди қаттырақ усладым. Бирақ ол қозғалған да жоқ. Басын бир қаптал қыйсайтқан қәлпинде, Жәмийла терең ойға шөмип, сол отырысында бүлк етпестен отыра берди. Бағанағы қосықтың жаңғырығы ҳаўада еле қалқып жүргендей, ол қулағын бир нәрсеге түрип отыр.

Дәнияр тоқтамастан кегип баратыр. Бир аздан кейин ол биротала көзден ғайып болды. Бизлер болсақ аўылға жеткенше тис жарып, сөйлескенимиз жоқ. Оның себеби, гейбир ўақытлары жүректегини сөз бенен жеткизиў адамның қолынан келе бермейди ғой деймен...

Усы күннен баслап өмиримизге қандай да бир жаңалық киргендей болды. Мен ҳәр ўақытта бир нәрсени сағынғандай, қандай да бир жақсы сезимлер жүрегимди толқытып белгисиз бир нәрсени талўас пенен күтип жүрдим. Азанда қырманнан шығып, станцияға келип, оннан аўылға қайтқанша, жылғаға қашан жетер екенбиз деп, Дәниярдың кешки салқын менен толқыған жүрегинен шыққан қосығын тыңлаўға интизар болып шыдамым жетпейтуғын еди.

Оның даўысы, оның хош ҳаўазы мениң қулағыма әбден сиңип, қайда барсам да изимнен қалмай ерип жүргендей болады. Бул хош ҳаўаз күнниң мурты қылтыйып жаңа көринген ўақытта, сабанда жатырған жеримнен ушып турып, жалаң аяқ, жалаң бас, шық басқан жоңышқаның ишименен сайдағы тусалған ат-

ларға қарап жүгиргенимде де жүрегимнен шықпайды. Жаңа көтерилип киятырған күн усыны сезгендей, маған қарап күлимсирейди.

Гүрек пенен алтын жаўындай шашыратып, қызыл буўдайды атып атырған ғаррылардың ҳәрекетинен де, өзиңниң үстиңнен, аспанда жай парахат қалықлаған бүркиттиң ушыўынан да, бул қосық еситиледи. Мен көрип, мен еситип мен сезгенниң барлығында да Дәнийардың ҳаўазы араласқандай болады. Егер кеште жылға менен арба айдап баратырғанымызда да, мен басқа әжайып дүньяға кирип кеткендей болатуғын едим. Дәнийардың қосығын тыңлап, кеўилим көтерилип қаламан. Ана сүти менен қаныма сиңип, қурттай ўақтымнан баслап көз үйренген көринислер көзимниң алдынан шубырып өтип турады. Бир ўақытта ақ мамықтай бултлар көк-көмбек аспанда аўылдың үсти менен өзиниң жазғы көшин тартып, және бирде үйири менен жүрген жылқылар жайлаўға қарай шубырысып, жас айғырлар жалының астынан от шығарып, үйирин қызғанып, шыр гүбелек айналып, мәсирип ойнайды. Бирде кең жайлаўды қаплап қойлар жайылып, бир ўақытта бийиктен сарқырап аққан қулама суў ақ көбигин шашыратып, бир ўақытта мүлгиген кең дала шайқалып қамыслардың арасына қарай шөгип баратырған күн күлимлесе бир ўақытта көк жиегине жақынлап қалған күнге қарай узын шубай шаўып киятырған жалғыз салт атлы күнди услап алатуғындай жақынлап барып дем де көзден ғайып болады.

Оҳ, сүйикли кең далам! Қазақ туўысқаным жайлаған шексиз далам! Минекей бизиң таў-

ларды еки жаққа ысырып таслап, қамыс пенен урыққа ырғалып, ушы қыйыры жоқ шексиз теңиздей көсилип жатырсаң. Ким билсин, сениң қойнында қандай күштиң жатқанын. Жарықлық, сениң сыртыңнан қарасам, ҳешбир өмир белгиси жоқтай, тобарсып жатқаның жатқан. Бирақ, былтырғы өткен жаздағы естен кетпейтуғын, тумлы-тустан от болып шарпып, жән-жаққа хабаршылар шаўысып, жаўынгерлер атқа минсин деген даўысы әлемди жаңғыртты. Аржақта турған қазақтың хабаршысы атының басын тартып:

—Атлан, қырғыз атлан! Жаў келди! — деп бақырды ҳәм келген жағына қарай қуйындай шаўып кетти.

Кең далам гүңиренип, өзегим булқынып, таўларым силкинип, өз елин атқа мингизди. Жигитлер ат жалын өрип, умтыла жаўға атланғанда, жер теңселип, атланыс сапарына шықты. Мыңлаған зәңгилер зәңгиге қағысып мың сан жаўынгерлердиң көзлеринен от шашыратып, халық пенен туўған жер менен хошласты. Олардың алдыңғы шебинде қызыл байрақлар желбиреп, кейининде туяқтан шыққан шаң арасынан «Кең дала, қолла! Қәсийетли туўған жер, қолла! Манас, өзиң қолла!»

О, айнанайын кең далам, таўларым, елиме усы күш қуўатты берген қәсийетиңнен айнанайын!..

Мине, усының барлығын Дәнияр хош ҳаўазға салып, көз алдымнан өткергендей, кең дүньяның әжайып көркин ашып көрсетеди. «Япырмай, усының барлығын ол қаяқтан үйренди екен, қаяқтан билди екен?—деп таңланаман. Қәйткен менен де, өзиниң ел халқын,

туўған жерин усылайынша сүйиў, усыншама шексиз сағыныў, көп жыллар бойы алыста, шетте жүрип бир көриўге зар болып, талўас еткен адамның ғана жүрегинде туўылып пайда болатуғынын ақылымша жорып та жүрдим. Мен ушын Дәниярдың бул ҳаўазынан, оның ел гезип жетимдей болып ҳәр жерде жүргени де, Россияның қан төгилип атырған далаларында жүргенлери де еситилетуғын еди. Мүмкин, ата мәканы жөниндеги бул жалынлы ҳаўаз сол ўақытлары туўылған шығар. Усындай ўақытлары Дәниярды тыңлап отырсаң, көсилип атырған кең даланы, адам баласы соншама сүйгени ушын, оны туўған анаңдай беккем қушақлап сүйгиң келеди. Мине, усы биринши рет мениң жүрегимде қандай да бир жаңа нәрсе ояныи, оны қозғайтуғын сезим бийлеп, мен де усы жер келбетин, жер шырайын Дәниярдай сезип ҳәм сүйе билсем, мен де усындай етип халыққа айтып берсем деп тиледим. Билмеймен, өзим де қандай да бир жақсы нәрселерди күсеймен, бирақ не екенине өзим де түсинбедим. Усыған исенип тек жүрдим. Усы белгисиз күтиў, түсиниксиз әрман етиў, бул өнерге деген ышқыпазлықтың дәслепки нышаны екен, келешекте мен турмысты бояў, сүўрет арқалы көрсетиўге ҳәрекетленетуғынымды сол ўақытта мен ойламаған едим. Сүўрет салыўға кишкентай ўақтымнан баслап-ақ епли едим. Оқыў китапларындағы сүўретлерге қарап отырып айнытпай салғанымда балалар: «көрдиң бе буны, айнытпай салғанын!» десип, мақтайтуғын еди. Муғаллимлер де мектептеги дийўалы газетаның сүўретлерин маған салдыратуғын еди. Бирақ, кейин ала сүўрет

салыўды қоя турыўға туўра келди. Урыс басланып, ағаларым әскерге кеткеннен кейин, мен оқыўды таслап, өз қатарлы жолдасларым менен бирге колхоздың жумысына араласып кеттим. Ол ўақытлары сүўрет салыў деген кимниң ойында бар. Ол ўақытлары сүўретши болыў ойымда да жоқ еди. Бирақ, сонда да Дәниярдың косықлары мениң қыялымды толқытып; турмыстың көркемлигин сезиўге жүдә қызықсындырды...

Оңымда емес, түсимдегидей шийрин қыялларға берилип, дүньяға жаңа келип, көзим жаңа ашылғандай қыр дөгерегиме суқланып қарайман. Мен ушын буның өзи турмысымдағы ең үлкен ўақыя болып есапланады.

Ал енди Жәмийланың өзгергенин көрсеңиз еди! Баяғы ҳәзилкеш, шешен минез келиншек, неге екени белгисиз, сағы сынып, ойнақшыған өткир көзлери муңайып қалған. Жазғы думанлы күн сыяқлы, адамға мийрим шәпаатлы қарайды. Жолда киятырғанымызда, Жәмийланың жүзинен ҳәрдайым бир ой кетпей, үлбиреген еринлеринде күлкиниң изи адасып, оның өзи билетуғын қандай бир жақсы нәрсеге иши жылынғандай, соған сүйсингендей болады. Гейде, керисинше, әлле бирнәрседен еси кеткендей, арқасына арбадағы қапты силкип салып, орнынан қозғалмастан сол қәлпинде турып қалады. Алдынан бурқып аққан дәрья тосыннан гезлескендей усы сууды кешип өтсем бе, ямаса кешип өтпесем бе деп ойлағандай болады. Усы ўақытта Жәмийла атаўлыдан қорқып, ал-салы шығып аңырайып турады. Неге екени белгисиз ол Дәниярға жақынламай тек болғаны көзине туўры қараўдан қа-

шып, шетлеп жүрди. Жәмийла Дәниярға бурынғыдай нәзер салмағансып, шыдаўға қанша ҳәрекетленсе де тақаты жетпей, ақыры болмаған соң, бир сапары қырманда илажы қурығандай Дәниярға иренжип сөйледи.

— Анаў үстиңдеги көйлегиңди шешсең болмай ма! берсеш бермаған жуўып берейин! —Көйлекти суўға апарып жуўды да, жуўсанға жайып қойды ҳәм қасында отырды. Көйлектиң жыйырылған жерлерин жазған болып, оны көп ўақытқа шекем алақаны менен сыйпалап отырды. Гейде ол көйлектиң тозыўы жеткен ийин ушына муңая қарайды. Бир нәрсеге иренжигендей болады. Басын шайқап қояды.

Кейинги күнлери Жәмийла бир ирет баяғысындай қуўанышлы күлип көзлери жайнап, әдеттегисиндей кеўилли болды. Ол күни жумыстан қайтып киятырған пишеншилер қырманға қайрылды. Арасындағы әскерден қайтып келген жигитлер:

— Әй, байлаң, болмаса суўға саламыз!— деп жабалары менен тәп берисип ҳәзиллесип айбат шекти.

— О-о, темир жабадан қорқатуғын қырманшыларды, тапқан екенсең, — деп Жәмийла олар менен жағаласып тура қалды. —Сыны келискен келиншеклер менен қызларды сыйлармыз. Сизлер өз жөниңиз бенен бола бериңлер!

Жигитлер сылтаў табалмай турса керек, оннан бетер күшейип кетти.

— Олай болса қыз-келиншеклер менен қоса барлығыңызды суўға басамыз.

Усы ўақытта шарпа-шурп алыса кеткен

жаслар уў-шуў шаўқым менен бирин-бири кийими, етиги менен суўға сүйрей баслады. Усы ойын топалаң ишинде Жәмийла ҳәммесинен бес бетер қатты күлип;

— Тарт, өйбей, шыққан жеринде қалады. Қарама! — деп жигитлер менен қашып жүрип алысып, ҳешқайсысына күш бермей жүрди. Оның үстине усынша қыз-келиншектиң ишинен тек ғана Жәмийланы көргендей, неге екенин билмеймен, бәри Жәмийлаға жабысып оны қаттырақ қушақлап қысыўға ҳәрекетленеди. Бир ўақытта олар үшеўлеп Жәмийланы жерге жықты да, оны суўға ала жөнелди.

—Сүй ҳәзир, болмаса суўға кетесең! Сүй!— деп шақалақлап күлискен жигитлер Жәмийланы жағадан түсире берди.

— Услаң жигитлер! Тартыңлар! — Ишек силеси қатып күлген Жәмийла балықтай туўлап, қолда турмай, келиншеклерди жәрдемге шақырды, бирақ уў-шуў болып шырқырасып, суўға түскен орамалларын услаўға ҳәрекет жасайды.

Жигитлер Жәмийланы суўға таслап жибергенде, гүў еткен күлкиге қосылғандай өзекте гүмистей ақ көбик шашты. Еле де күлкиси тыйылмаған Жәмийла суўдың ишинде де күлип тур еди. Шашлары уйпаланып, үсти басы суў болсада бурынғысынан да бетер сулыў көринди. Шыт көйлеги етине жабысып, пүткил денесин қынап, көйлегиниң етеги аппақ сатанына оралып, тырсыйған емшегинен тартып, белине шәппиктей жабысып тур. Жәмийланың оның менен иси жоқ, күлкиге мәсирип, жүзинен, үстинен сорғалаған суўды да байқамайды.

— Сүй ҳәзир! Сүй! — дейди тапжылтпай

услаған жигитлер. Жәмийла еркелеп, оларды сүйип те алды. Бирақ, жигитлер қоятуғын емес, оны және де суўға басады. Жәмийлаға усының өзи жағып кетти ме деймен, қайта суўда турып ишек-силеси қатқанша күледи. Жаслардың бул ойынына қырманда күлмеген адам жоқ. Қырман атып атырған ғаррылар қолларындағы гүреклерин таслап, усы ўақытта баяғы жигирма бестегидей, бетлериндеги әжимлери жазыла түсип, көзлеринде бурынғы жаслықтың оты жанланып, олар да қолларын шаппатлап: «Усла, жет! Етегинен тарт!» — деп көкбарда ылақ тартқандай бақырысты. Мен болсам қызыққа батып, ишек-силем қатқанша күлдим. Бул сапары жеңгемди қызғанып, қорыўды да умытып кетиппен. Усыншама журттың ишинен күлмеген, үндемеген тек ғана Дәнияр болды. Оны көргенде мен де тым-тырыс болдым. Қырманның шетинде Дәнийардың жалғыз өзи тур. Дәнийардың ҳәзирги турған түринде, тәп берип жуўырып барып Жәмийланы жигитлердиң қолынан жулып алатуғындай еди. Өзи қолын тийгизиўге тартынып, мүмкин, териштесиндей көрген Жәмийласын жигитлердиң ҳәзир ап-аңсат қушақлап ойнағанлары Дәнийардың жанына қатты батқан қусайды. Оның қайғысы да, бахты да, Жәмийланың сулыўлығында болып тур. Журттан оны қаншама қызғанғаны менен, жадырап күлген Жәмийладан көзин алмай, Дәнияр оның бул қылығына ишинен жекиринип те, сүйинип те көзиниң астынан тисленип қарап турды. Жигитлер Жәмийлаға тум-тусынан асылып, бетлерин тутып сүйдиргенде, Дәнийардың түси қуўарып, умтылып олардың қасына бара қояжақ болып

тур. Бирақ, тапжылмастан өз арнында тура берди. Бир ўақытлары Жәмийла оның қарап турғанын көрип қалғанға усайды, сағы сынғандай томсырайып турды. Ойынның қызығы менен жигитлер оны сезбей, қайтадан асылыса берди.

— Жеткиликли, ойын бир болады, — деп Жәмийла оларды қағып таслады.

— Ҳе, саған не болды? — деп жигитлердиң биреўи ўа-ҳа-ҳалап күлип, тағы асыла бергенде, Жәмийла оның өңмениненен ийтерип жиберди.

— Не болғанын не қыласаң? Армаған тур! — Жәмийла усти-басын дүзеп, Дәнияр турған жаққа жалт қарады да, көйлегин сығыўға қуўрайлардың арасына жуўырып кетти.

Дәнияр менен Жәмийланың бул жасырын сырдың ақыры не менен питетуғыны маған түсиниксиз еди. Ырасын айтқанда буны ойлаўға қорқатуғын едим. Қайта өзимди алдарқатып буны ойламаўға тырысатуғын едим. Бирақ Жәмийланың қашып, жақынламай шетлеп жүргени ҳәм буған өзиниң қайғырып қыйланғаны, неге екенин билмеймен, мениң жүрегимди жеп, мени қапаландырады. Оннан көре бурынғысындай гейде күлип, гейде ҳәзиллесип, жүргенининң өзи жақсы болмас па еди? Сөйтсем де, түнлетип аўылға қайтып киятырып Дәнияр қосық айтқанда, олар ушын мениң соншелли баўырым ерип, жүректи туўлатқан қуўанышым соншама тасып, жаңағының барлығы естен шығып, мен ушын онда дүньяның рәҳәти ғана қалады. Қыснақтан өтип, дәрьяға жеткенимизде, Жәмийла ҳәр ўақытта арбадан

түсип пиядалап жүретуғын еди. Мен де арбадан түсемен. Өйткени, даўысқа илесип, асықпай жаяў жүрген қандай жақсы! Жолдың топырағы да аяғыңа мамықтай тийеди. Жалаң аяқ жерде емес өзиңди әл-аспандағы булт үстинде жүргендей сезесең. Ҳә дегеннен жеңгем екеўмиз де өз арбаларымыздың қасында жүремиз. Бара-бара Дәниярға жақынлап қаламыз. Ал, жанына барып қалғанымызды өзимизде билмеймиз. Қандай да бир әжайып күш адамды Дәниярға қарай жетелегендей, ериксиз жақынырақ барғың келип, усы қосық айтып киятырған туйық минез, сөзге жоқ Дәниярдың ырас-ақ өзи ме, егер сол болса, оның усы ўақыттағы түр-түсиниң қандай екенин көргиң келеди. Кеўили толқып, тула бойы қосыққа уйысқан Жәмийла ҳәрдайым жақынлап барып қалғанын өзи де аңламай, Дәниярға әсте қолын созатуғын еди. Бирақ, өзин-өзи умытып, қосық айтқан Дәнияр буны байқамайтуғын еди. Оның ой қыялы аспанда шарықлап жүргендей, ол алысларға көз таслап, жағын алақаны менен сүйеп, қосықтың ырғағы менен жай ғана тербетиледи. Жәмийланың созылған қолы сол қәлпинде төмен түсип, арбаның бел ағашына барып тийгенде ғана ол есин жыйнап алғандай, қолын тез тартып алып, орнынан қозғалмай турып қалады. Жолдың ортасында силейип турған Жәмийла, жүректи елжиреткен терең муңға батып, бир азға дейин Дәниярға аянышлы көзи менен телмирип қарап, оннан кейин тез ғана жүрип кетеди.

Мине, усылардан кейин, жеңгем екеўимиздиң бирдей тынышлығымызды алып, оның да

кеўилин алағадалыққа салған түсиниксиз сезим, ҳақыйқатында да бирдей уқсас сезим ғой деген ой келетуғын еди маған. Мүмкин әўеле ол сезим ҳәр биримизде билинбей, жасырын түрде болған шығар, бирақ не болса да оның күни жетип, ўақыт, сәти толған сыяқлы күш алып, жүреклерди толығы менен бийлейди.

Жумыста Жәмийла иске берилип, оншама сыр билдирмейтуғын еди. Ал, гейбир ўақытта қырманда иркилип қалып, сәл қолы босай ғойса Жәмийла отырарға орын табалмай, албырап қалады. Не ислерин билмегендей, арман барып, берман келип, қырман атқанлардың қасына барып, оларға жәрдемлеспекши болып, гүрек пенен дәнди бир-еки рет бар күши менен жоқары қарай атады да, сол ўақыттың өзинде-ақ гүректи шетке ылақтырып таслап, өз жайына кетеди. Үйилген сабанның түбине барып көйлеңкелеп отырған болады, бирақ ол жерде де иши писип шыдамайды:

— Бермаған кел кишкене бала! — деп жалғызлықтан жалыққандай ҳәрдайым мени қасына шақырып алады.

Сол ўақытта маған жеңгем иштеги қандай да бир сырларын айтып, қапаланғанын айтады ғой деп дәмеленетуғын едим. Бирақ, ол ҳеш нәрсе айтпайды, тек ғана еркелетип, мениң басымды өзиниң дизесине қойып, алысларға көз жиберип, тикенектей тикирейген шашымды уйпалап, дирилдеген ыссы алақаны менен бетимди әсте ғана сыйпалайды. Жеңгемниң уўайым қайғы менен санаға толы жүзине қарап, не ушын екенин билмеймен, мен өзимди оған жүдә уқсатаман. Өйткени, оның да көкирегин

қандай да бир белгисиз қыяллар алып қашып, оның да жүрегинде жаңа үмитлер оянғанын ишимнен сезип журдим. Мениң аңғарыўымша Жәмийла буннан қорқып, өзин күннен күнге бийлеп баратырған муҳаббаттан қаймыққысы келеди. Бирақ, муҳаббаттан да қол үзе алмайды. Оның ырқына берилиўге мәжбүр болады. Мен де сондай-ақ, Жәмийла Дәниярды сүйсе екен, гейде: сүймесе екен, деп ойлайтуғын едим .Өйткени, қанша айтқан менен Жәмийла бизиң үйдиң келини, мениң туўған ағамның ҳаялы ғой.Сонлықтан да мен оны басқа адамға қалайынша қыяман. Бирақ, усыны билип турып мен, не ушын екенин билмеймен, буған усаған ойларымды өзиме жақынлатпайман. Мен ушын басымды Жәмийланың дизесине қойып, күнге күйдирген денесиниң ыссы лебине балқып, көзинен моншақлап аққан мөлдир жасқа қараў — дүньяның ең рәҳәти ғой! Буннан басқа маған ҳеш нәрсениң кереги жоқ. Жәмийланың сондағы сулыўлығы, гөззаллығы қандай еди! Жүрегиниң соныңдай таза, ашықлығы ой қыяллары соныңдай терең, ашық екенлиги оның нур берген жүзлеринен көринип тұратуғын еди. Ол ўақытлары мен усылардың ҳәммесин де өз көзим менен көрсем де, бирақ негизине оншама түсине қойған жоқ едим. Лийкин ҳәзир, арадан қанша ўақытлар өтип кеткеннен кейин сол ўақыяларды елеслетип, көбисинше өзиме сораў беремен бәлким, сүйиў деген адамның барлық сын сымбаты менен, ой сезиминиң ең бир жетилип турған ўақты шығар? Аўа, өмирдиң тап усы жарқыраған ўақтында шайырға йош келгендей, адамға

муҳаббат келип, оған дем берип, жаңа жақсы тилек ҳәм үмитлерге жетеклеўши бир күш емес пе екен? Мүмкин, ашықлықтың барлық сыры да усында шығар. Жәмийланың жүзине қарап, гейпара ўақытлары өзим де оның жан сезимине берилип кетип қандай да бир түсиниксиз қуўаныш пенен әрман жүрегимди бийлейтуғын еди. Орнымнан ушып турып, жуўырып кетким келеди, аўылдың сыртындағы кең далаға шығып, жүрегимди тербелткен усы бир түсиниксиз қуўаныш пенен бахыттың не екенин, оның даўасы неде деп шайқалған көк шөплер менен кең даладан даўысымның жеткенинше бақырып сорағым келеди. Бир күни мен бул сораўыма жуўап тапқандай болдым.

Әдеттегидей бизлер станциядан шығып аўылға киятырған едик. Қас қарайып қалған. Аспанда жулдызлар көрине баслады. Айнала жым-жырт. Бул тынышлықты тек Дәниярдың дәрья бойлап жаңғырған даўысы ғана бузады. Жәмийла екеўмиз оның изинде киятырмыз. Дәниярдың қосық айтып киятырған даўысы бул сапары қандай да бир жалғызлықтың әрманы толып, адамның жүрегин елжиретип жиберетуғындай муңлы еситилетуғын еди. Көзиме ыссы жас келип, тамағыма бир нәрсе тығылып қалғандай болды. Жәмийла бул сапары қолын Дәниярға созып, қасына жақынлап барып, арбаға сүйенип, басын салып, үнсиз кетип баратыр. Дәниярдың даўысы кем-кемнен күшейип, түнги кең даланың үстинде қайтадан толқынлана баслағанда, Жәмийла басын көтерди де, жуўырып барып, арбаға секирип минди. Дәниярдың жанына отырды да, қыймылдаўдан қорыққандай, қолын көкиреги-

не қысып, отырған орнында қатып қалды. Енди не болар екен деген гүдикли ой менен мен олардан көзимди айырғаным жоқпан. Дәнияр Жәмийланың қасына отырғанын сезбегендей, оған қараған да жоқ. Қосығын тоқтатқан да жоқ. Бир аздан кейин Жәмийланың қоллары әсте ғана жазылып, денесин Дәниярға сүйеп, басын жай ғана онын ийинине сүйеди. Шаққан жүрип киятырған жорға бийе жүрисинен алжасып, жүрисин жубайына қарай қайтадан дүзегендей, қосық айтқан Дәниярдың даўысы қайтадан күш алды. Бурынғыларына усамаған бул ҳаўазы ашықлықтың, муҳаббаттың жаңа намасы болды.

Түн еки жаққа айырылып, дәрьяға жарық дүзегендей, қосық айтқан Дәниярдың даўысы түсип, даланың гүлленген бети ашылғандай, усы кең даланың төсинде мен сүйискен еки жасты көрдим.

Олар маған нәзерин аўдармаса да, мен ол екеўинен көзимди айырмай киятырман. Сүйискенлердиң мениң менен қандай иси болсын, мен емес дүньяның барлығын умытқандай, олар тек ғана жүректи елжиреткен қош ҳаўазға уйып кетип баратыр. Мен оларға қарап, Жәмийла менен Дәниярды шексиз бахытқа бөленген адамлар еди, —деймен. Аўа, оның биреўи көзи қараңғыда оттай жанған, гөнерген солдат көйлегиниң жағасы қайырылып, кең даланы басына көтерип, қосық айтып киятырған Дәнияр еди.

Аўа, оның биреўи Дәниярға еркелеп, сессебирсиз қушақлап отырған мениң жеңгем Жәмийла еди. Шексиз бахытқа бөленгендей Жә-

мийланың кирпиклерине жас оралып, мөлдир моншақлар жылтылдайды.

Шын бахыт усы емес пе? Усы гимн сыяқлы әлемди жаңғыртқан ҳаўазды дәреткен, туўған журтына, жақты дүньяға деген зор муҳаббатты Дәнияр биротала Жәмийлаға берип, денесиндеги бар ҳасыл қәсийетти соған арнап киятыр. Бул бахыт емей не? Усы ўақытта сүйискен қос жүрекке қарап, олардың өмир бойына бахытлы болыўына тилеклес болғаным соншелли, бир ўақытта қәдимги Дәниярдың ҳаўазы менен келетуғын түсиниксиз абыржыў жүрегимди бүлк еткизди де, «Мен булардың сүўретин саламан!»—дедим де, жерден жети қоян тапқандай қуўанып кеттим. Бирақ, усы ўақытта өзимниң тапқан ойымнан өзим қорқып кеттим. «Мениң қолымнан бул нәрсе келер ме екен, қайдан билейин?» ишимнен усы ойда турсамда, жаңағы ойға алданып, қыялдың ағысын тоқтата алмадым. «Аўа, мен булардың сүўретлерин саламан, тап мынадай көриниске усатып саламан. Олар мениң сүўретимде де тап усындай бахытлы болады!» деп киятырман.

Усы қыялларға берилип, жән-жағыма қарасам, көзиме август түни түрли түске дөнип кең дала жаздың күнгидей гүл жайнайды. Мен де өзимди бахытлы сезип, ойлаған мақсетиме ҳәзир жететуғындай күшке минип киятырман. Байқап қарасам, мен онда бала екенмен, келешекте бул мақсетимди орынлаў ушын қаншама қыйыншылық, қаншама азап көретуғынымды билмеген екенмен. Сондағы мениң мақсетим: Дәнияр нама салып қосық айтқанын, мен бояўлар менен сүўретлеп, усындай таў,

усындай аспан, булт, жер-суўларды, Дәнияр сыяқлы көркемлеп бериў еди. Бул иске оғада шеберликтиң керек екенлигин мен ойлаған жоқпан. Мениң уўайымым, «бояўларды қайдан табаман? Мектептен сорасам ба екен, әй бермес, өзлерине керек ғой!»—деген ой ғана еди. Гәптиң барлығы тап усында турғандай болып көринди. Әттегене балалық-ай!

Мен усылайынша ойланып киятырғанымда, Дәниярдың айтып киятырған қосығы неге екени белгисиз, бирден үзилип қалды. Қарасам Жәмийла Дәниярды қушақлап, баўырына қысып атыр екен. Ол өзиниң усы жөнсиз ҳәрекетинен шоршынғандай кейин шегинди де, арбадан секирип түсти. Дәнияр албырап қалғанлықтан, дизгинлерди тартып атларды тоқтатты. Жәмийла терис қараўы менен жолдың ортасында есинен айрылғандай болып бир аз турды да, бир ўақытта мойнын зорға бурып, дирилдеген даўыс пенен:

— Неге қарайсаң? Менде не бар? Қарама маған айда атларыңды, тез кет! деп изде киятырған арбасына қарай жүрди. Аң-таң болғанымнан аўызымды ашып қалыппан, жеңгем маған да алып умтылды:

— Саған не жоқ? Арбаңа мин, мелшиймей! Бир-бирине усаған мақаўлар, сизлер менен қудайдың азабына қалған екенмен!

«Ой тоба, бул неси екен, жин урғаннан аман ба өзи?» — деп киятырман. Ал енди тереңирек ойлаған адам Жәмийланың ҳақыйқаттан да қыйланып жүрегенин тез-ақ түсинбес пе еди. Кийеўи Саратовтағы госпитальлардың биреўинде жатырса, жақында қайтып келемен

десе, оған аңсат па! Бирақ мен бул ҳаққында ойламақ түўе, бийшара Жәмийлаға арым келип, оны жек көрип киятырман. Егер Дәнияр-дың енди қайтып қосық айтпайтуғынын билгенимде, қудай билсин, мен ушын Жәмийладан түси суўық адам болмас еди.

Ҳәзир пүткил денем езилип, әлле қандай бир нәрсеге иренжип, ертерек қырманға жетсем, сабанға барып бойымды тасласам екен деп киятырман. Ал, арба болса жанымды қыйнап, денемди селкилдетип, дизгини қолымнан жылыслап, жол әбден болдыртты. Қырманға барғанда атлардың қамыт ағашларын еплеп, шешип, оларды арбаның астына байлаўға ғана шамам келди. Оннан кейин сабанға барып бир-ақ жығылғанымды билемен. Дәнияр усы ақшамы атларды отлаққа өзи апарып тусапты.

Ертеңине оянсам, таң атып қалған екен. Усы бүгинги таң қандай таза болса, мениң де кеўилим сондай ашық, жүрегим қуўанышқа толып, алдымда қандай да бир жақсылықтың келетуғынын күткендей туўлады.

Ҳә дегенде неге сүйсинип жатырғанымды өзим де билмей, бирден кешеги күнгини есиме түсиргенимде, оннан бетер сүйсинип кеттим. «Уқсата аларман ба екен?» деген гүманлы ой суўық көйлеңке қыяқлы пүткил денемди жайлады. Көзимди жумып елеслетип едим, кешеги күнги көринис ҳәзир ғана сүўретке түсириўге болатуғындай ап-анық болып көз алдыма келди. Орнымнан тура салып, өзекке барып бет қолымды жуўдым да, жайлымдағы тусалған атларға қарай жуўырдым. Азанғы шық басқан муздай жоңышқа жалаңаш балтырымды ашытып, тағы қаттырақ жуўырыўға мәжбүр

етти. Бирақ, мен ушын бул ҳеш нәрсе емес. Қыядан қылтыйып киятырған күнди күтип алатуғын адамдай қуўанышлы күлип, әтирапымдағы нәрселерге көз таслап, жуўырып баратырман. Минекей, салманың жағасында өскен айғабағарлар, алыста шашырап шығып киятырған күнге қарай бурылып, бойларын жаза түседи. Оны ақбас шөплер қоршап алған. Бирақ, жас айғабағарлар оған мойнын бурмай, күнниң шуғыласына олардан бурын бөленип, сары гүлли басын гәрдийтип, күн нурын еркин жутады. Мине, арбалар өтетуғын салмадан дегершиклердиң излери менен суў ағып кетипти. Бул суўға жақынлаған жерде жуўсанлар өсип, әтирапқа жупар ийисин аңқытады, қәдирдан туўған жерим-ай! Мен жуўырсам даладағы қарлығашлар да маған жарысып жән-жағымнан ушып өтеди. Әттен нағыз сүўретши болсам, усы таң азаңғы көринисти, минарланған таўларды, шық басқан жоңышқаны, азаңғы көринисти, жаптың бойындағы сары гүлли айғабағарларды сүўретке салсам қандай әжайып болар еди.

Бирақ, қырманға қайтып келгенимде мениң бул алтын қыялларымның барлығы бирден отқа суў қуйғандай өшип қалды. Өйткени Жәмийла өткен ақшамы уйқыламағанға усайды, қабақлары исип, ашылмады. Ол маған үнdeген жоқ. Ҳәттеки маған қараған да жоқ. Бир ўақытта бригадир Оразмет қырманға келип атынан түсе бергенде Жәмийла оның қасына барды да, оның менен сәлемлеспестен былай деди:

— Арбаңызды алыңыз! Қаяққа жиберсең-

лер де мейлиңиз, бирақ станцияға дән тасы-
майман!

— Ҳаў, саған не болды, Жамалтай, ҳәрре шаққан жоқ па? — деди Оразмет.

— Ҳәрре шағып менде ала алмай жүрген ҳақысы жоқ! Бармайман деген соң бармайман! Айтқаным айтқан!

Оразметтиң жүзи түнерип кетти. — Айтсаң да айтпасаң да сол, станцияға арба айдайсаң, басқа сөз жоқ! — деди ол балдағын силкип турып. — Егер биреў тийген болса, оны айт, оның басында балдақ ойнатайын. Ондай болмаған болса, жумысқа бар. Ғәлле меники емес, әскердегилердиң ғәллеси. Өзиңниң ериң де әскерде! — Бригадир турған жеринен жалт бурылып, балдақты алшақ таслап, бир жамбаслап алға қарай жүрип кетти.

Жәмийла жуўап табалмай, қолындағы қамшысын, олай-булай сермеди. Қылмысы бар адамдай қызара бөртип тур. Бержағында турған Дәниярды көргенде, ол ишинен аўыр гүрсинди. Дәнияр болса атларын арбаларға жегип атыр. Ол жаңағы сөзлерди еситсе де сыр билдирген жоқ. Жәмийла және бир аз ўақыт қырманның ортасында зиңирейип турды да, «Не болса ол болсын» дегендей қолын бир силтеп, арбасына қарай жүрип кетти.

Бул күни бизлер аўылға күндегиден ерте қайттық. Өйткени, Дәнияр станцияға баратырғанда да, аўылға киятырғанда да атларды қатты айдап отырды. Жәмийланың қабағы салыңқы. Дым кеўилсиз. Мен болсам қуўраған боз далаға қарап, өз көзиме өзим исенбей киятырман. Кеше ғана қулпырып турған кең да-

ланы ертекте еситкендей болып киятырман. Сол ўақыттағы сүйискен қос жүреклердиң бахытқа жеткен көриниси есимнен кетпейди. Көз адыма келип турды. Өмирдиң ең бир жарқыраған, көрикли шырайын қус сыяқлы қолыма услағандай усы көринис есимнен кетпей мазамды алды, тынышымды кетирди. Ақыры, ойлаған мақсетиме жетпегенше жаным тыныш таппайды .Қырмандағы есапшының бир жапырақ қағазын урлап алып сабан гүдиниң артына жасырынып дән ататуғын гүреклердиң үстине қағазды қойғанымда, жүрегим аттай туўлап, аўызыма тығылды. Әкемниң биринши рет атқа мингизгениндей-ақ:

— Бисмиллә! — дедим де, қәлемди қағазға тийгиздим. Ҳә дегенде Дәниярдың сүлдерин сала басладым. Ол ўақытта бул оншама жақсы да емес, жаңа үйренушиктиң дәслепки адымы еди. Салып атырған сүўретим онын көзине уқсай баслағанда, кеўилим алып-ушып, өзимниң қаяқта екенимди, не ислеп атырғанымды умытып кеттим. Сол мен көрген август ақшамы, қубылып жайнаған кең дала қағаздың үстине көшип келгендей, Дәниярдың сондағы сулыў қоңыр даўысы қулағыма еситилип турды. Көз алдымда солдат көйлегиниң жағасы кең ашылған Дәниярға сүйенип отырған Жәмийла тур. Бул мениң биринши рет өз бетимше салған сүўретим еди: мине, арбаның алтахтасы, мине Дәнияр менен қатар отырған Жәмийла. Дизгинлер бос жатыр. Қараңғыда атлардың жаллары салбырайды. Онын ар жағы түнги дала. Аспан төринде жымыңласқан сансыз жулдызлар. Бунын барлығын

усыншама қунығып салып атыр екенмен. Бир ўақытта тас төбемнен биреўдиң ашыўлы даўысы шыққанда ғана өзиме келдим. Қарасам Жәмийла екен.

— Сен не тилиң байланып, қулағың пителип қалды ма? — Ол мени көп излепти. Сасқалақлағанымнан салып атырған сүўретимди жасыра алмадым.

— Арбаларға жүк артып қойғанымыз қашшан, бир гөш писиримнен берли сени шақырып жүрмиз. Бақырып атырмыз, ең болмаса бир рет даўыс берсең болмай ма... Қолындағы не өзи — деп Жәмийла сүўретимди алып қойды.

— Бул не сумлық! Солай де... — Жәмийланың түри бузылып, қағазға тесиле қарап қалды. — Ўай, сол ўақыттағы мениң уялғанымды айтсаңа, жерге кирип кете жазладым. Диңкем қурып, орнымнан тура алмадым. Жәмийла сүўретке қарап турды да, жас айналған көзин жоқары көтерди.

— Маған бер буны, кишкене бала! — деди ол эсте ғана. — Мен сақлап қояйын...

Жәмийла қағазды еки буклеп қойнына салып қойды.

Бизлер жолға шығып, аўылдан бираз узап кеткенше мен өзиме келе алмадым. Жүрегимди қозғаған сол әжайып көринисти ырасым менен-ақ өзине азғана болса да уқсатып, сүўретке түсире алғаным анық па, әлле қандай бул бир өткинши түс пе, деп те гүманланып киятырман. Сөйтсем де жаңағы салған сүўретиме ишимнен мақтанып, кеўлим көтерилип, шийрин қыялларға берилип, жақын арада мен бояў

таба ғойсам, толып атырған сүўретлерди салып, мектепке апараман деп киятырман. Ойлап қарасам бундай қыяллар сол балалық ўақытқа тән нәрсе екен. Оның менен исим жоқ, жүдә қатты жүрип киятырмыз, кейинги ўақытлары Дәнияр арбаны қатты айдайтуғын болды. Атлар тез еттен сылынып қалды.

Жәмийла Дәниярдан қалыспай киятыр. Жол бойы еки жағына қаранып, гейде айыплы кисидей күлимсиреп қояды. Оны көрип мен де күлимсиреймен. Мениң ойлағаным: сүўрет салып жеңгемниң анаў күнги ашыўын тарқатқан екенмен. Егер жеңгем Дәниярға қосық айт десе ол сөзсиз айтады... Демек, бүгин оның қосығын тыңлап рәҳәтке батады екенмен. Қандай бахыт! Бүгин Дәнияр қосық айтса екен! Бизлер бул сапары станцияға жүдә тез келдик. Бирақ атларымыз қара терге түсип қалды. Тәрези бос екен. Дәнияр арбадан түсти де қапларды тасый баслады. Оның не ушын асығып, не ушын буншама иренжигенин ким билсин, әйтеўир үндемей томсырайып жүр. Поездлар арман-берман өткен сайын Дәнияр тоқтап қалып, олардың артынан көпке дейин қарап турады. Бир ўақытта Жәмийла арбаның қасына барып, Дәниярды өзиниң қасына шақырды.

— Бермаған кел, Дәнияр, қасқа аттың нәли босап кетипти, алып тасла, услап турайын.

Дәнияр аттың туяғын еки дизесиниң арасына қысып, нәлди жулып алып, енди орнынан тура бергенде, Жәмийла оған әсте ғана:

— Сен не, ҳешнәрсеге түсинбейсең бе? Ямаса дүньяда меннен басқа қыз-келиншеклер қурып қалып па, — деди.

Дәнияр үндемей төмен қарады.

— Маған да аңсат па? — деди қасы селт етип жоқары көтерилди де, Жәмийла аўыр гүрсинип. Дәнияр Жәмийлаға муңая қарап, бир нәрсе айтқандай болды. Бирақ мен оның не дегенин билмей қалдым. Өйткени, мен аттың суўлығынан услап тур едим, тап қырсығына ат сол ўақытта басын силкип қалды. Дәнияр болса бир нәрсеге ырза болғандай қолындағы тағаны сыйпап, арман қарап кетти. Мениң таңланғаным мынаў болды: Жәмийланың айтқан сөзлериниң Дәниярға қайсы тәрепи унады екен? Мысалы, биреўге: «маған да аңсат па? — деп гүрсинип айтып турса оның неси жақсы.

Қапларды тасып болып, бизлер қайтып киятырғанда, арқасында рюгзагы бар, үстине гөне шинель кийген, арық, майып болған солдат шарбаққа кирип келди. Буннан сәл ғана бурын станцияға эшолон келген еди. Жаңағы солдат жән-жағына қарап, қуўанышлы күлип турды да:

— Күркиреў аўылынан ким бар?—деп даўыслап бақырып жиберди.

— Бул ким екен? —деп танымай турсам да, —Күркиреўден мен барман! — дедим. Солдат қуўанып кетти.

— Сен кимниң баласысаң иним? —

Ол Жәмийланы көриўден аўызы ашылып турып қалды.

— Ҳаў, Жәмийла қарындасым! — Солдат жуўырыўы менен барып Жәмийиланы кушақлап алды. Бул Жәмийланың ең жақын туўысқанындай болып кеткен аўылласы екен.

— Тап бул жерге билгендей-ақ қайырылғанымды көрдиң бе! — деди жаўынгер ушып-

ушып қуўанып. Оннан кейин ол Садықтың қасынан шыққанына бес күн болғанын, госпитальда бирге жатқанын, қуда қәлесе ол бир-еки айдан кейин қайтып келетуғынын шубыртып айтып атыр. — Бул жаққа шығарымда келиншегиңе хат жаз, өз қолым менен тапсыраман, деп хат жаздырып алған едим... Сени ушыратқаным бунындай жақсы болмас, минекей аманатың, мойныма қарыз болып жүрмесин, деп сасқалақлаған солдат шийнелиниң ишки қалтасынан үш мүйешли хатты суўырып алды. Жәмийла хатты қолына жалма-жан алды да, қуўанғанынан ба ямаса уялып қалды ма, билмеймен бетлери ҳә дегенде қып-қызыл болып, оннан кейин қуўарып сала берди. Ўай қурғыр-ай жүрек деген бар болсын,усы ўақытта да ол көзиниң қыйығын Дәниярға салып турды. Жәмийлаға ҳәўесленип қарап турған Дәнияр арбаның қасында бир өзи тур екен. Баяғы қырмандағыдай, я елге бара алмай, я басқа жаққа кете алмай, бир орнында турып, Жәмийлаға қадалып қалыпты. Демде-ақ тумлы-тустан жуўырып келип қалған адамлар солдатты қоршап алып, гейбиреўлери туўысқан, гейбиреўлери аўылласы шығып, жөн-жосақ сорасып атыр. Жәмийла аўылласына рахмет айтыўға үлгермей-ақ, Дәниярдың арбасының дегершиклери аннан-саннан бир тийип қорадан шықты да, жолдың шаңын бурқыратып жолға түсти.

— Ҳаў, мынаны жин урған жоқ па? Дени саў ма? —деп журтлар оның артынан бақырысып атыр.

Солдатты туўысқанлары бир жаққа ертип кеткенге уқсайды, шарбақтың ортасында жең-

гем екеўимиз ғана қалдық. Дәниярдың арбасы көзден ғайып болып кеткенше, алыста көринген шаңға қарап турдық.

— Жүр жеңге, үйге қайтайық,—дедим мен.

— Кете бер, мени не қыласаң,— деди Жәмийла.

Мине, бизлер усылайынша биринши рет бirимизден-биримиз айырылып, ҳәрқайсымыз өзимизше жолға шықтық.

Қаңсыған дала, демигип тур. Жерден көтерилген ыссы ҳәўир еринлеримди тобарсытып, таңлайым кеўип кетти. Дәл аспанда қаңтарылған күн жерди темирши устаның көригине салғандай, азаннан бермаған өртенип атыр. Ашқылтым шаң алыстағы таў жоталарына қарай жылжып, күн думан арасында турғандай, батып баратыр. Аспанда уйыған қара жалын белестиң үстиндеги қызғыш бултлардың өжет толқынлары, атлардың танаўларында ақ сор қалдырып, шаң басқан жал қуйрығын әсте ғана қозғап, жол бойындағы таллардың басларын желпип кетеди.

— «Бул неси, жаўын ба екен?» дедим ишимнен. Жүректи өртеген жалғызлық ишимди өртеп, жалап, әлле бир нәрседен қорыққандай, атларды тындырмастан айдай бердим. Тек мен ғана емес, узын сыйрақ туўалақлар да бир нәрседен сетем алғандай жалтақлап шөплердиң арасына жасырынады. Самал әлле қаяқлардан жол үстине қандайда бир шөплердиң жапырақларын айдап әкеледи. Бизиң жақта бундай жапырақлар болмайды, шамасы, қазақтың шөлистанлығынан келген болыўы керек. Әтирапта ҳеш бир жан жоқ. Дәнияр да көринбейди. Артта қалған Жәмийла да

жоқ. Қуяштың ақырғы нурлары да сөнип баратыр. Шаршаған дала тунжырап уйқыға киристи.

Мен қырманға қас қарайғанда келдим. Қырман тыныш. Елп еткен самал жоқ. Дәниярды шақырып едим, оның орнына қараўыл ғарры жуўап берди:

— Ол өзек бетке кетти. Оны не қыласаң?— деди де ол өзинше мыңғырлады — самалдың жоқлығына қара, әй қудайыма-й, самал болмаса, қырманда жумыс болама, журттың барлығы үйли-үйине кетти...

Атларды жоңышқаға тусап жиберип қайтып киятырып өзекке қайрылдым. Әдеттегидей Дәнияр тик жардың басында отырыпты. Оның артынан қарағанда да, қайғыға батып, үлкен әрманда отырғанын билиўге болатуғын еди. Бир дизесин қушақлап, басын төмен салбыратып жар астындағы гүрилдеп аққан өзектиң ағысын тыңлап отыр. Оның бул аянышлы отырысы жүрегимди дирилдетип жиберди. Дәниярдың қасына барып, оған тәселле берип ең шийрин сөзлер менен оның қайғысына ортақласқым келди. Бирақ, мен оған не деймен, қалайынша жубатаман? Бираз ўақытқа шекем ойланып турдым да, оннан кейин қырманға кеттим.

Буннан кейин де көпке шекем уйқылай алмай, сабанда жатырған жеримнен аспанды торлап киятырған бултларға қарап: «Адамның өмири буншама неге қатал, не ушын буншама түсиниксиз?» — деп мен қайдағы бир нәрселерди ойладым. Жәмийладан болса еле хабар жоқ. «Ол буншама неге кешикти, қаяқта жүр екен?» —деп арбаның дегершигиниң

сатырлысын еситиў ушын қулағымды түрип жаттым. Қатты шаршасамда уйқым келмеди. Таўлардың төбелеринде қалқыған бултлардың арасынан жасынның жалт-жулт еткени қубылып турды.

Дәнияр өзек беттен келгенде мен уйқылаған жоқ едим. Ол не қыларын билмей, жол бетке қайта-қайта қарап, қырманды арман-берман айналып жүрди де, мениң қасыма келип, сабанға жатты.

«Енди ол аўылда қалмайды, басын алып бир жаққа кетеди!»—деп ойладым мен. Бирақ бийшара қаяққа барады... үй-жайы жоқ мүсәпирдиң кимге кереги бар дейсең? Жаман болды, енди не қылар екен?»

Көзим жаңа илинип баратырғанда, киятырған арбаның салдырлысы еситилип қалды. «Жәмийла келгенге усайды!» деп болжадым уйқылы-ояў.

Қаншама уйқылағанымды билмеймен, бир ўақытта тап қулағымның қасынан сабан сытырлап биреў жақын келгендей болды. Қанат қаққандай қандайда бир суў бетимди сыйпап өтти. Көзимди ашып қарасам, Жәмийла екен. Суўға шомылған болса керек, көйлегин салқынлатып суўға малым алыпты. Өзи де бир түрли жағымлы самалды ертип келди. Жәмийла тоқтап қалып, еки жағына елеңлеп қарады да, Дәниярдың бас жағына таман отырды.

— Дәнияр, мине, мен өзим келдим!—деди ол әсте сыбырлап,

— Жым-жырт тынышлық, тек аспанда найзағай ғана жалтылдайды.

— Сен өкпеледиң бе? Қатты өкпеледиң бе?

Және де айнала әтирап тып-тыныш, өзектиң кенарасынан келген суўға шүмп етип кесек түсти.

— Бирақ, мен айыплыман ба?.. Сенде де айып жоқ...

Таўды жағалай күн гүркиреди. Шоршып кеткен Жәмийла жалт бурылып қарағанда, шағылған шахмақ оның жүзин жәп-жақты етип көрсетти. Усы ўақытта Жәмийла Дәниярды қушақлап, оған жақынлай бергенде, ол оны өзине тартып қысты. Сабанға оранып Жәмийла Дәниярдың қасына жатты.

Ҳүўилдеп ескен самал даладан жулқынып келип, қырмандағы сабанлардың уйқы-туйқылын шығарып, қырманның бир шетиндеги боз үйге бир тийип, жол менен қуйынлатып өз жөнине кетти. Жалт-жулт еткен найзағайлар бултлардың арасында көкшил жалынын шарпытып, қарағай гүрс ете қалғандай сатырлап күн гүркиреди. Пүткил денем сергексип сүйсинсем де, және сескендим, күн гүркирегенде ақырғы найзағай тәбияттың суўық көркин ашып, жаздың питип жақынлағанын қабарлады. Ҳеш нәрсеге күш бермейтуғындай, Жәмийла Дәниярға сыбырлап атыр.

— Шының менен-ақ гүманланып қалдың ба? Мен сени қәйтип биреўге алмастырайын!.. Керек емес маған, оның кейинги, муҳаббаты өзине, мейли ким не десе де, мен сенликпен! Жалғызым, жаным, ҳешкимге сени миясар көрмеймен!.. Мен сени бүгин емес, кеше емес, сыртыңнан билгендей, бала болып есим кир-

гели берли сүйемен. Мине, енди сен де мени излеп келдиң!

Жасыл найзағайлар шил пәршеси шығып сынып, жардың астындағы суўға түсип атыр. Ойер-бүйерге тийип, сабанды тасырлата, жаўынның дәслепки тамшылары себелей баслады.

— Жәмийлам, жаным, баўырым, қызыл гүлим, Жамалтай!—деп, Дәнияр қырғыз бенен қазақта бар ең сулыў атларды сүйгенине арнап атыр. —Мен ғой сени әлле қашаннан берли сүйемен, өмиримде көрмесем де, окопта жатырып сени ойлағанман. Мениң сүйгеним туўған жеримде екен! Көрсем, ол сен екенсең, Жәмийлам, қызыл гүлим!

— Бүркитим! Қырағы бүркитим бермаған қараса, көзиңди көрсетсе, мениң жүрегимдеги дәртим тарқасын, о, алғыр туйғыным!

— Жаўын кем-кемнен күшейип баратыр. Самал ушырған қара үйдиң үзиги, қанатынан айырылғандай жалп етип үзилип түсти. Бир қыялап қуйған жаўын, жерди сағынғандай үсти-үстине қуйып, аспанның бир қапталы сөгилип кеткендей күн гүркиреди. Жаздың күни бурқ етип үпелекке тийген оттай жалын атқан жасындай найзағайлар таў баўырлап, тумлы-тусты жарқыратып жиберди.

Жаўын күшейип баратыр. Мен болсам сабанға оранып, дәл қолтықтың астында туўлаған жүректиң дүкилдисин сезип атырман. Усы ўақытта меннен де бахытлы, меннен де қуўанышлы ҳешким болмаған шығар. Көп ўақыттан берли наўқасланып, бүгин далаға шыққанда, аспанда жарқыраған күнди көргендей жер бетинде өмир сүриўдиң өзи қаншама бахыт екенин билгендей болдым. Жаўында най-

зағайлардың жақтысы да сабанның астына, мениң жатырған жериме жетип атыр. Бирақ мен оннан жеркенгеним жоқ Көзим илинип баратырып, өзимше күлимсиредим: қулағым шалған не нәрсе болды екен, Жәмийла менен Дәниярдың сыбырласқаны ма, ямаса жаўынның тысырлап сабанға тийгени ме екен? «Мине енди күн жаўа береди, гүз келеди!» — деп жатырман мен өзимше. Ҳақыйқатында да гүздиң хабаршысындай болып, ҳөл тартқан сабан менен сарғыш тартқан жуўсанның жыллы ҳәўири мурнына келеди.

Ал, ендиги гүзде бизиң тәғдиримиз қандай болатуғыны ҳаққында, не ушын екенин билмеймен, мен ойламаппан.

* * *

Сол гүзде, еки жыл үзилистен кейин, мен қайтадан мектепке оқыўға бардым. Сабақтан кейинги бос ўақытларда мен көбисинше баяғы суў бойындағы жардың астына барып жүрдим. Қырман алынып, ол ўақытлары бос қалған еди. Усы жерде мен мектептен алған бояўларым менен өзимниң ең дәслепки этюдлеримди, сүўретлеримди салдым. Ол ўақыттағы сүўретлерим оншама айтарлықтай жақсы болмаса керек. Өйткени, олар маған оншама унамайтуғын еди. «Шамасы бояўларым насаз болса керек, деп ойлайтуғын едим ишимнен. — Үйиң күйгир нағыз бояў тапсам, қандай жақсы болар еди!» Деген менен мен ҳақыйқат бояўдың қандай болатуғынын билмейтуғын едим. Арадан бираз ўақытлар өткеннен кейин ғана сүўретшилер қолланатуғын қорғасын қаплы

ҳақыйқат бояўларды биринши рет көриўге туўры келди. Бояў бояў менен, бирақ муғәллимлердиң де айтқанлары дурыс сыяқлы: сүўретши болыў ушын сүўретшиниң өнерин қунт пенен үйрениў керек, оның оқыўын оқыў керек. Бул айтылған ақыл орынлы болғаны менен, оқыйман деген мениң үмитим жоқ еди.

Оқыў қайда: ағаларым сол кеткеннен дәрексиз, ал еки үйдиң жалғыз бел байлар жигитин анасы оқыўға жибериўши ме еди. Буны билип мен үндемейтуғын да едим. Бирақ, әрман еткен оқыўды есимнен шығармай, ишим жанатуғын еди. Оның үстине усы быйылғы гүз айрықша көрикли болды. Қолдан өнер келсе, көргенинңниң бәрин салсаң болғаны, өзинше сүўрет болғандай. Әттегене, сондағы гүзди айтсаңа!

Күркиреўдиң суўы тартылып, суўдың астында қалған баяғы қазандай таслар енди сыртқа шығып, олардың үстинде жап-жасыл, сап-сары мүк тәризли шөп-шаланлар нағыш салған. Азаңғы шық пенен талдың сыйдам шыбықшалары сәл қызарып, жабайы өскен тереклер күннен-күнге түрленип қулпырады.

Жазы менен жайлаўда түтинге ысланған жылқышылардың үйлери, ҳәзир үлкен сайдың буўрыл тартқан жазықлығында ҳәр жерде қараўытып, шубалып созылған ақ боз түтинлер әлле қаяқлардан аңқып, жағымлы түс, хош ийиси мүңкип турады. Дөгеректе жылқылар жайылып, бет-бетине кеткен үйирин жыйнай алмай, тынышсызланған айғырлар елеңлесип киснеседи. Жазға дейинги көретуғыны усы еди; бийелер оңайлық пенен үйирине қосылмайды. Таўдан түскен мал сарғайған шөплер-

ди жапырып басып, аңызба-аңыз жүреди. Гүзги даланың бети кым-қыйқаш излер.

Гүз усылайынша көп турған жоқ. Көп кешикпей-ақ қара самал турды, аспанның ирени бузылып, қар аралас жаўын басланды. Ҳәпте бойына изин үзбей жаўын, бир күни пәсеңлеп тоқтағанда, мен Гүркиреўдиң жағасына бардым. Ҳа анадай жердеги таслақ атаўда, жыңғыл менен шеңгеллердиң арасындағы жалғыз түп таў рябинасы жанған оттай болып, сүўретке «соранып» турып алды.

Етектеги қуўрайлардың арасында сүўрет салып отыр едим, кеш кирейин деп қалған, бир ўақытта басымды жоқары көтерип, арғы жүзге суў кешип өткен еки кисиниң сүлдерин көрип қалдым. Олардың Дәнияр менен Жәмийла екенин дәрриў таныдым. Неге екени белгисиз, олардың жүзлери сескенген, сақланғандай түрди билдирди. Дәнияр әдетинше адымын кең керип таслаған сайын, оның сәдеплери илинбеген шийнелиниң етеклери, тозығы жеткен солдат етигиниң қонышына тийеди. Жәмийла болса, аппақ жуўылған жүн жаўлығын тартып, үстине ояқ-буяққа шыққанда кийетуғын жыйынлық қызыл ала гүлли көйлеги менен ший мақпал камзолын кийип алған. Бир қолында көтерген түйиншиги бар екинши қолы менен Дәниярдың арқасындағы қапшықтан услап баратыр. Екеўи анда-санда бир нәрсе туўралы сөйлесип алады. Булардың бизиң аўылды таслап бир жаққа кетип баратырғанына түсингенимде, ишим уўдай ашып, жүрегим қысылды.

Олар екеўи қамыслардың арасы менен кетип баратыр. Мен болсам лал болып еле арт-

ларынан қарап, енди не қыларымды билмей қалдым. Бақырайын десем, тилим таңлайыма жабысып қалғандай.

Таў жамбаслаған бултларға күнниң алыстағы нурлары ақырғы рет түсип, жер бети кемкемнен геўгим тарта баслады. Айналаны демде-ақ қараңғылық басты. Дәнияр менен Жәмийла артына қарамай темир жолдың разъездин гөзлеп, адымларын шалт таслап баратыр. Олардың қаралары көринбей кетип, бираздан кейин қамыстың арасынан көринбей қалды.

Мине, мен усы ўақытта ғана есимди жыйнап:

— Жәмийла-ә-ә!— деп бар даўысым менен бақырдым. Томсырайған қараңғы даланың үстинен «а-а-а»... —деген жалғыз жаңғырық ғана көпке созылып, барып басылды.

— Жәмийла-ә-ә! дедим мен, және де бар ашыў менен, бақырып орнымнан турып алға қарай умтылып, олардың артынан жуўырдым. Суўды суў демей, етикшең, кийимим менен суўды кешкенимде, денемди түршиктирген муздай шашырандылар бетиме, пүткил денеме жайыла берди. Оғанда қарамай, бар адымымның барынша жуўыра бердим. Бир ўақытта аяғым бир нәрсеге сүринип кетти де, ентелей барып ет бетимнен жығылдым. Басымды жоқары дәрриў көтерип, бетимди басып, өксип-өксип жылап жибердим. Астымдағы ызғар топырақ қолымды, бетимди муздай етип, түн қараңғысы жаныма зил қара тас салмағын салғандай, өкпем қысылып, қамыслар мениң қайғымды бөлисип, жән-жағымнан муңлы сылдырласады. Жаңа Жәмийлаға бақырған даўысым

да томсырайған даланың үстинде жаңғырып қулағымнан кетпейди.

— Жәмийла, Жәмийла! —деп жас баладай өксип, мен өзимниң ең жақын көрген қымбатлы адамларым менен хошласып атыр едим.

Мине усы ўақытта ғана, жер қушақлап жылап жатқан ўақтымда, мен өзимниң де Жәмийланы сүйгенимди түсиндим.

Аўа, бәлким бул балалық ўақыттағы ең таза, нәресте сүйиўим болған шығар! Бетимди көз жасыма суўланған жеңиме сүртип, тағы да көпке дейин жылап жаттым. Қарасам, усы ўақытта тек ғана Жәмийлалар менен хошласпай, өзимниң балалығым менен де хошласып атырған екенмен.

Қараңғыда теңселип үйге келгенимде, бизиң қорада жалма-жан биреўлер ат ертлеп атыр екен. Осман әдеттегисиндей мәс, қолына сойыл услап, бир жерде тыпыршылап турмайтуғын атын жулқылап, бақырып атыр:

— Мен айтпадым ба, айттым ғой! Мине енди пүткил Олжабай әўладына масқара ис болмады ма! Болың атланып, жеткен жерде тентиреген ийт шала қазақты таяққа жықпасам, атым өшсин, мейли, он жыл мойнымда, бирақ, көрингенге Олжабайдың қатынларын талаўға бермеймиз! Атланың жигитлер, кеттик! Қаяққа кетеди дейсең, станциядан қуўып жетемиз!

Қуўғыншылар қаяққа ат қояр екен дегенимде, жүрегим суў етип, денем муздай болды. Не ислеримди билмей, аўылдың сыртына шекем атлылардың артынан жуўырып отырып, олардың разъезди гөзлеп емес, ал станцияға кететуғын гүзар жолға түскенин көргенде ғана

жаным тыныш тапты. Оннан үйге, келдим де, жылағанымды ҳешкимге билдирмей атамның тонына оранып алып, жатып қалдым.

Буннан кейин аўылда қанша гәп сөз, мыш-мыш әңгимелер болды, ҳаяллардың барлығы Жәмийланы жаманлап атыр:

— Ақмақ тә! Болмаса ким өзиниң ырысына тебеди, тентиреген мүсәпир менен кеткени неси!

— Соны айт-аў, жеңге! Несине қызықты екен деймен-ақ! Жаман шийнели менен тозығы жеткен етигинен басқа ҳеш нәрсеси жоқ ғой, өзиниң!..

— Оның не, қора-қора малы барма еди!— деп, тағы биреўи қошеметлеп шықты. — Үйи жоқ, жайы жоқ тентиреген биреў дә! Мейли, өз обалы өзине, өкинип елеберин бармағын тислер... Көрермиз сонда ол сулыўсымақ нәрсени!

— Тоба, Садықтан артық ерди қаяқтан таппақшы ол. Аўылдың маңлай алды жигити емес пе, ис ҳәрекети де мықлы емес пе еди...

— Оны айтасаң-аў, қәйненеси ше: Усындай пайғамбардай болған қәйненени қаяқтан таўар екен ол! Өзиниң соры, мейли!

Өзимниң бурынғы жеңгемди жаманламай, оның қылғанын туўры деп тапқан мүмкин, жалғыз мен ғана емес шығарман. Дәниярдың ески шийнели менен тозығы шыққан етигин былай қоя турып, ал өзиниң ким екенин, оның ишки байлығы қаншама зор екенин, мен билмегенде ким биледи. Жәмийла Дәнияр менен ерип кетип маңлайы ашылмайды, бахытсыз болады деген гәплерге мен ҳешбир исениў былай турсын, қайта, ол анық бахытын енди

тапты деп исенемен. Тек апам ушын қатты қапа болдым. Жәмийла менен апамның күш ғайраты, билгирлиги бирге кеткендей, ал өзиненөзи еле қайғыланып басы төмен түсти. Жарықлық турмыстың ағымы гейде усылай етип, өзиниң ески соқпағын бузып, шуғыл жерден жаңа бахытқа бет бурғанын түсинбеген сыяқлы. Мысалы, үлкен, қарыўлы теректи боран тамыры менен қопарып кетсе, ол екиншилей бойын тиклей алмайды... Апам да сол сыяқлы, бурынғы күшинен айрылғаны ҳәр бир қыймылынан байқалып қалатуғын болды. Әўеле ол ийнесин ҳешкимге сабақлатпайтуғын еди, арланып жаман көриўши еди. Енди болса, бир күни үйге кирип келсем апам ийнениң көзин таба алмай, жарыққа сығалап, жылап отыр екен.

— Мә, сабақты өткерип бер!— деди ийне менен жипти қалшылдаған қолы менен маған қарай созып. Оннан кейин аўыр гүрсинди де, көзиниң жасын сүртип атырып, өзинше сөйленди. А—а сорлы келиним-ай, ҳеш жерде ҳешнәрсе жоқ, қор болатуғын болдың-аў... Сол жүргени менен қолда жүре бергенде, қандай адам болған болар еди... Қурғыр Жәмийла... Өзиңди өзиң өлтирдиң... Бизди байлап кеттиң... Не ушын кеттиң екен. Бизиң үйде неден, кимнен кемшилик көрдиң, қай кисиден кем едиң... Сорлы Жәмийла...

Апамның усылай отырғанын көрип, сай сүйегим сырқырап кетти. «Жоқ, апа, ол сорлы емес!»—деп бақырып жибере жазлап барып тоқтадым. Апамды қушақлап алып, Дәнияр дегенниң қандай адам екенин, мен оны қандай жақсы көргенимди айтып берип, еңи-

реп келип жылағым келди. Бирақ, бул сөзлерди мен қайсы бетим менен айтпақшыман; өмири өткенше апамның жүрегинде шерли қайғы қалмайма. Солай-ақ ислесем де, мениң бул гүнасыз «қылмысым» билинбей изсиз қалған жоқ.

Арадан көп өтпей Садық үйге қайтып келди. Шынын айтқанда, сыртынан сыр билдирмегени менен де, ол қатты намысланып, ишинен тунып жүрди. Дурыс, Османлар менен ишкилик үстинде отырғанда:

— Атасының гөри, кетсе кетсин! Қаңғып жүрип, ақыры бир жерде аштан өлип-ақ қалар. Ҳәзир қатын деген толып атыр, шетинен шертип көребер... Алтын баслы қатыннан, бақа баслы ер артық, —деп оның шулғыўы бар ғой...

— Ол айтқаның туўры ғой, — деп Осман жуўап берди.—Бирақ, сонда бир қолыма түспеди дә, түскенде ме, анаўсын силейтип салып, мынаўсының шашынан атқа сүйретип қайтар едим! Мениң болжаўымша олар түсликке кетти ғой, пахтаға, болмаса, қазақлардың арасында тентиреп жүрген шығар. Енди бир таң қалған жерим: сол ийтти ҳешким билмейди, ҳешким сезбейди, қалай болғанын бизлер де аңғара алмай қалдық... Сол бураңлаған қаншықтың ҳарамзадалығы, жигин билдирген жоқ, болмаса ғой оны...

Бундай сөзлерди еситкенимде қаным қайнап, мушым ерксиз түйилетуғын еди. Егер күшим жетсе, Османның бетине түкирип: — «Баяғы орақтың ўақтындағы есиңнен шықпай жүрген екен ә... Болмаса, анық ҳарамы, анық бузылған бузақы сенсең!»— дер едим.

Бир күни үйде отырып, мектептиң дийўалы газетасы ушын сүўретлер илдирип атыр едим, апам да печьтиң жанында от жағып отыр еди, бир ўақытта есик сарта ашылып, үйге қуп-қуў болып урланған Садық ағам кирип келди. Ол мени нәзеринде тутып, жулқынып киятырғанында, желбегей таслаған шийнели ушып түсти.

— Мынаны ким салған, —деп үлкен бир бет қағазды бетиме тутты. Қағаздағы сүўретти көргенде ҳүрейим ушты; бул мениң баяғы қырмандағы Дәнияр менен Жәмийланы қәлем менен салған сүўретим екен. Олар маған усы ўақытта туўры қарағандай болды. Ой Жәмийла-ай, буны қалай умытып таслап кетти екен. Үйдиң бир жерине жасырып қойып, соннан умытып кеткен ғой!..

— Мен салған едим, —дедим мен.

— Бул, бул ким өзи.

— Дәнияр.

— Бузықсаң сен! — Қалшылдаған Садық сүўретти майдалап шил-пәрше етип жыртты да, аяғының астына салып тепкилеп-тепкилеп, есикти қатты жаўып сыртқа шығып кетти.

Үйдиң ишин көпке созылған тынышлық бийледи.

— Сен билетуғын ба единң? — деп сорады бир ўақытта апам.

— Аўа, билетуғын едим.

Апам печьке арқасын сүйеп, сондай айыплаған көз бенен телмирип қарағанда, биротала шабар бармақты шабайын деп:

— Мен олардың сүўретин және саламан,— дедим.

— Апам басын қайғылы шайқап, төмен түсирди.

Мен болсам жерде жыртылып атырған суўретке қарап, ишимди өртеген қайғылы ызаға шыдамай кеттим. Мейли, мен бизиң үйдиң урыўы ушын «бузақысы» болайын, бирақ, адамлық үлкен шынлыққа мен қиянет жасаған жоқпан, өмирдиң үлкен шынлығына мен ақырына шекем әдил болдым. Мениң усындай ҳақ нийетлигимди ҳешким билген емес, буны елелатқа айтыўға да болмас сирә, өйткени басқалар түўе жанымдай көрген өз анам да буның мәнисине түсинетуғын емес.

Апам үнсиз отыра берди. Жаңағы ыза көзиме жас келтиргенге уқсайды, жерде шашылып атырған сүўреттиң қыйқымлары ийиримленген суўда аққандай қалқып, үйирилип атыр. Жаңа Дәнияр менен Жәмийланы сүўреттен тири сыяқлы көрген ўақытта басыма соншама уялаған екен, көз алдыма баяғы август ақшамындағы гүлленген дала келип, Дәниярдын от пенен жалын болып шалқыған даўысы қулағыма еситилгендей болып турды. Жәмийла менен Дәниярдың сол ўақыттағыларын есиме түсирип отырып, муңлы жымыйып отырдым. Олардың аўылдан кеткендегисин ойлағанымда, жүрегиме күш толып, мен де солар сыяқлы өз бахытым ушын қыйын жолға шығыўға беккем бел байладым.

— Мен оқыўға кетемен!— дедим апама.— Сүўретши болғым келеди. Сүўретшилик оқыўға бараман; атама да усыны айтып қой...

Бул сөзди айтқанымда, апам ҳәзир урыста хабар-атарсыз кеткен ағаларымды еске алып, ағыл-дегил жылайды ғой деген ой менен, өзим-

ди соған тайынладым. Бирақ, бахтыма қарай, апам бул рет көзинен дымда жас шығарған жоқ.

— Мейлиң, барсаң өзиң бил, — деп маған жүдә батырып сөйледи. — Темир қанат болған соң, ҳәр қайсысың өзлериңше қанат силтеп қалыңлар... Биз қайдан билейик, бәлким, сизлердики дурыс шығар, бәлким, алысқа шарықлап ушарсызлар... Ҳәзирги заман усындай болды ғой... Оқыўыңа барсаң, өзиң бил... Мүмкин, сол жаққа барғанда сүўрет салып шыжбайлағанның кәсип емес екенин билерсең... Үйиңди, ата-анаңды умытпа, бар тилегим усы...

Сол күннен баслап, кишкене үй өзинше болып, бизлерден бөлинип кетти. Мен болсам көп кешикпей оқыўға кеттим.

Сүўретшилердиң мектебин питкерип, Ленинградтағы Академияға өнеримди раўажландырыў ушын оқыўға барғанымда, мен өзимниң дипломлық исимди тапсырдым. Бул дипломлық жумыс көптен берли нийет етип, жүрегиме сақлап жүрген сүўрет еди.

Әлбетте, сизлер бул сүўретти Дәнияр менен Жәмийлаға арналғанын сезген шығарсызлар. Аўа, мениң бул сүўретимде гүзги кең дала менен шубатылып кеткен жолда, сәдеплери илинбай еки жаққа ашылып, алдына қарай ҳүжданлы нық қәдем таслаған Дәнияр менен оның қасында қапшықтың мүйешин услаған, қуўанышлы киятырған Жәмийла...

Олардың алған бағыты Дәнияр айтқан шексиз, қулпырған кең дала... Бул айдын шалқар далада Дәнияр менен Жәмийладай ким бахытлы болмас!...

Ырас, мениң сүўретим барлық жағынан бир кемиссиз сызылған деп айталмайман, шеберлик бара-бара мийнет пенен келмей ме... Солай болса да, бул сүўрет мен ушын дүньядағы ең қымбатлы зат, өйткени жүректиң ең ҳасыл, дәслепки жалынын мен усы сүўретке арнағанман.

Мине енди бир талай тәжирийбели болсам да, гейпара ўақытлары ислегеним ойдағыдай болмай қалатуғын аўыр ўақытлары да болады. Ондай ўақытлары мениң жүрегимниң даўасы — сүўреттеги Дәнияр менен Жәмийла, олар көзиме сондай ысық көринип, мени өзине сондай тартып турған тәризли. Бундай жағдайда сүўретке қарап, Дәнияр менен Жәмийладан әдеўир ўақытқа шекем көз алмай, олар менен сырласып, көзбе-көз сөйлесемен.

«Ҳәзир сизлер қаяқтасызлар, қайсы жоллар менен кетип баратырсызлар. Бизиң жерде бундай жоллар, кең далалар көп: Қазақстаннан баслап, Алтай менен Сибирьге дейин жазықлық дең дала, жоллар! Бул алтын үлкелердиң далаларына сондай мийнетти сүйетуғын азаматлар жаңа турмыс қурыў ушын атланды. Бәлким сизлер де усы жаққа кеткен шығарсызлар! Ондай болса, сапарларың оң болсын!.. Жәмийла! Мениң алтын Жәмийлам, сен кеткенде басыңды төмен түсирмей, бийик услап, кең дала менен кетесең... Ҳәзир де сондайсаң ба, ҳәзир де сол кәддиң бе? Ямаса шаршаған ўақытларың болды ма, жаным Жәмийла. Болмаса өз күшиңе исенбей, гүманланған күнлериң болды ма, гүлим Жәмийла! Егерде сондай болса, төзимсизликке берилме, Дәнийарды қуўат қылып алға бас! Қандай алыс жол

болса да сонда жығылмайсаң, шаршамайсаң! Сонда Дәнияр баяғыдай болып муҳаббат, жер, жақты дүнья, турмыс ҳаққындағы теңиздей толқыған жалынлы хош ҳаўазын айтып берсин! Сонда көз алдыңда кең дала гүллеп, биз августа ақшамындағы найзағайлы даўыл турғандай хош ҳаўазға салып берсин! Қорықпа, Жәмийла алыс жолдан; сениң жолың бахыт жолы оған ҳеш қандай гүманланба!

Жол менен жүргенлерге қарап мен олар менен сырласаман. Мине, Дәнияр бар ҳаўазы менен қосық айтып атыр, демек, ал Жәмийла екеўи мени жаңа сапарға шақырады. Аўа, мениң жолға шығыўым керек! Аўа, жасыл атлас кийген кең даланың жолы менен мен өзимниң аўылыма бараман. Туўып өскен жер—мениң күш қуўатым! Мен оннан жаңа түсли бояў табаман. Сүўрет салған бояўдың ҳәр бир сүртилген сызығынан Дәнияр дың хош ҳаўазы келип турсын! Сүўрет салатуғын бояўының ҳәрбир сүрткен сызығында Жәмийланың жүрек оты болсын!

*На каракалпакском языке*

Ч. АЙТМАТОВ

**ЖАМИЛА**

Повесть

*ККГИЗ—1962—НУКУС*

Аўдарғанлар *М. Сейтниязов, С. Салиев.*
Редактор *Ш. Мамбетмуратов*
**Худ. редактор *Х. Гиликеев***
Техредактор *Н. Сапарниязов*
Корректор *М. Бекетаева.*

Териўге берилген ўақты 23/I-1962 ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 12/III-1962 ж. Қағаз форматы 70×90 1/32. Тиражы 5000. Көлеми 5,75 баспа табақ. 3,36 шәртли баспа табақ. 3,2 есап баспа табақ. Баҳасы 20 т. Муқабасы 15 т.

Қарақалпақ Мәмлекет Баспасы. Нөкис қаласы Карл Маркс көшеси, 9.

ҚҚАССР Мәдениият Министрлигиниң Нөкис полиграфкомбинаты. Зак. № 19.

Баҳасы 35 т.